# ФокIадэм и 20-р: Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ Адыгэшым и дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№179-180 (23.588) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ!

Илъэс къэс нэхъ куу мэхъу а махуэшхуэм и мыхьэнэр, щыхьэт зытехъуэри адыгэ лъэпкъым лIэщIыгъуэ куэд къызэрикIуам и закъуэкъым, атIэ и зыужьыныгъэм и иджырей Iыхьэри къыхощ. Дунейм и дэнэ щIыпIэ адыгэхэр щымыпсэуами, ахэр зэкъуагъэувэ я къежьапIэр зыуэ зэрыщытым, лъэпкъыр лъэпкъыу къэнэжыным, я анэдэлъхубзэр, я щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ яхъумэжыным зэрытелажьэм, мамырыгъэр, гуапагъэр, фIым хуэлэжьэныр я гуращэу зэрыщытым. Абыхэм пщIэшхуэ хуащI я адэжь щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм (шэрджэсхэм) экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ заужьыным, хамэ къэралхэр псэупIэ зыхуэхъуа я лъэпкъэгъухэм хуаIэ пыщIэныгъэхэм нэхъри зегъэубгъуным хуэгъэзауэ иджырей Урысей къэралыгъуэм зэфIигъэкIхэм.

Шэч къытесхьэркъым адыгэ лъэпкъыр нэхъри зэкъуэгъэувэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, къэрал, экономикэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщахьыным махуэшхуэм зэрыхузэщIигъэуIуэнум.

Республикэм ис псоми мы махуэм сохъуэхъу мамыру, насыпыфIэу, зэIузэпэщу псэуну.

## Адыгэ Хэку

**Адыгэ уафэ,**  
**Адыгэ щIылъэ,**  
**Уэгум сихьамэ,**  
**ЩIылъэр си плъапIэщ.**  
**Адыгэ уафэ,**  
**Адыгэ щIылъэ,**  
**Уи лъахэм ситмэ,**  
**Дунейм сытеткъэ.**

**Уи губгъуэ куэщIыр**  
**Пшэплъу хадыкIыр,**  
**Тэрч къызэрокIри**  
**Псыдзэ зэхешэ.**  
**Шым сыгъэшэси**  
**Дэни сыгъакIуэ,**  
**Вагъуэ жыпIамэ -**  
**Дыгъэ къэсхьынкъэ.**

**Уи къалэ щхьиблым**  
**Зыкърагъэщхьу,**  
**Вагъуэзэшиблыр**  
**ЖэщкIэ зэщIоблэ.**  
**А блым еянэу,**  
**Нэхъ ябжьыфIэкIыу**  
**Си гурыфIыгъуэр**  
**Адыгэ хэкукъэ.**

**Уи нэр зыдэплъэм**  
**Уи лъэр лъоIэсыр.**  
**Къырым илъ дани**  
**УлъэIэсакъэ.**  
**Адыгэ уафэ,**  
**Адыгэ щIылъэ,**  
**Уи лъахэм ситмэ,**  
**Дунейм сытеткъэ.**

**КIЫЩОКЪУЭ Алим**, *КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*



# Тхыдэ унафэ

● Тхьэмадэм и псалъэ

**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мы гуфIэгъуэр и дамыгъэщ лъэпкъым и щхьэ кърикIуа лъэпощхьэпо къомым имыгъэдзыхэу нобэм къызэрысам, бзэр, щэнхабзэр, зэхэщIыкIыр зыхъумэфа ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм. Апхуэдэ махуэ къызэрыунэхуамкIэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. Абы Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыщыхэтлъхьа Iуэхур щетхьэлIэм, къыддиIыгъащ икIи къэрал унафэкIэ щIигъэбыдэжащ.**

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



# Шагъдийм и пщIэр нэхъ лъагэж ирехъу!

**Дэтхэнэ лъэпкъри ирогушхуэ езыр адрейхэм фIы и лъэныкъуэкIэ къахэзыгъэщхьэхукI гуэрхэм. Апхуэдэ лъэпкъ фIыгъуэщ «къэбэрдеиш» фIэщыгъэр иIэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэшхэр.**

НАРТ ЭПОСЫР щызэхалъхьа зэманыр щхьэтечу къэзыгъэлъагъуэ тхыдэ дэфтэрхэр щыIэкъым. Илъэс минищ ныбжь иIэу жаIэ. АрщхьэкIэ а лIэщIыгъуэхэм ятещIыхьауэ дызэплъэкIыжми, долъагъу адыгэм и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу шым пыщIауэ къызэрыгъуэгурыкIуар. Дунейм лъэпкъ куэд щыбгъуэтынукъым, шэрджэсхэм хуэдэу, зэрыгушхуэн шы къагъэхъуауэ.

Адыгэшым теухуа хъыбархэм щIэныгъэ тхылъхэм, тхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм куэдрэ дыщрохьэлIэ. Урысейм и мызакъуэу, «къэбэрдейхэр» щагъэхъу нэгъуэщI къэралибгъум. Абыхэм я нэхъыбэм щолажьэ Адыгэш лъэпкъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэхэр.

Ди лъэпкъым пэжкIэ къыдэгъуэгурыкIуэ а псэущхьэ гъуэзэджэм теухуа унафэ хьэлэмэт 2017 гъэм и гъатхэпэм къищтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм: илъэс къэс фокIадэм и 20-м ди лъэпкъэгъухэм, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм къыдэкIуэу, Адыгэшым и дунейпсо махуэри ягъэлъэпIэнущ. Абы ди пащхьэ кърегъэувэ лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къыддекIуэкI хабзэфIхэм щIалэгъуалэр щIэпIыкIыным теухуа къалэныр. Апхуэдэ дыдэу ар щытщ ди лъэпкъ фIыгъуэ нэхъыщхьэм-Адыгэшым (Шагъдийм) и пщIэр нэхъ лъагэжу зыIэту. Аращи, фокIадэм и 20-р Адыгэшми и дунейпсо махуэщ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**,
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*


СулътIан Къанщауэ Гъур *(Мысыр)*


Тунисым и премьер-министр Лъашэ Хьердин-пэщэ


Иорданием и премьер-министр Хьэвжокъуэ Сэхьид-пэщэ


Мысырым и премьер-министр, усакIуэ цIэрыIуэ Наурзокъуэ Мыхьмуд


Урысейм и канцлер щэджащэ Черкасский Урыскъан (Яков)

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

# Тхыдэ унафэ

МЫ ГЪЭМ еплIанэу дгъэлъапIэ гуфIэгъуэ махуэм лъэпкъыр дызэрипхыу, ди хьэл-щэн, ди фащэ, ди дуней тетыкIэ, ди ерыскъы IэфIхэр, хьэщIэхуэфIу дызэрыщытыр дгъэлъагъуэу, ди нэхъыфIыр сэтей къэтщIрэ, ди цIэр зыгъэIум гулъытэ яхуэтщIу апхуэдэщ. Адыгэхэм я махуэр дэ ди закъуэкъым зи махуэшхуэр, ар сыт щыгъуи къыддаIэт Къэбэрдей-Балъкъэрым ис нэгъуэщI лъэпкъхэми, гъунэгъу хэгъэгухэм къикI хьэщIэхэми. Апхуэдэуи фокIадэм и 20-м дунейпсо мыхьэнэ иIэу къызолъытэ, ди лъэпкъэгъухэм я нэхъыбэр хамэ къэралхэм щызэбгрыдзауэ зэрыщытым щхьэкIэ. Къэрал куэдым я лIыкIуэхэр зыхэт ДАХ-м и къудамэ псоми Адыгэхэм я дунейпсо махуэр я деж щагъэлъапIэ, а Iуэхум гъэ къэс нэхъ зеубгъу.

Нобэ ДАХ-м и Хасащхьэм и илъэс зэIущIэр зэрекIуэкIым къыхэкIыу Налшык къеблэгъащ Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Германием, Краснодар, Адыгей, Ставрополь, Къэрэшей-Шэрджэс, Шапсыгъ щIыналъэхэм къикIа ди къуэшхэр. Къэралитхумрэ Урысейм и хэгъэгуихымрэ щылажьэ хасэхэр зыхиубыдэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр иужь итщ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ди къарухэр зэдгъэуIуу ди псэкупсэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьыным, тхыдэр зэфIэгъэувэжыным. Апхуэдэуи ди лъэпкъэгъухэм пыщIэныгъэ яхудиIэным, хэкум къэIэпхъуэжхэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэгъэзэгъэжыным, хэхэсхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ яхъумэжыным теухуауэ республикэм, къэралым щекIуэкI лэжьыгъэхэм жыджэру дыхэтщ, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал къулыкъущIапIэхэм дадолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу Москва къалэм и Новоспасскэ къулъшырыфым и Знаменскэ члисэм Патриарх Кирилл, Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Белавенцев Олег, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий сымэ хэту Урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Черкасскэ лъэпкъым я Фэеплъ пхъэбгъу къызэIуахащ иджыблагъэ. Дэри драгъэблагъэри, дыщыIащ Черкасскэ пщыхэм я хьэдэхэр зыщIэлъ Новоспасскэ къулъшырыфым. ЛIэщIыгъуитхум нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, а лIакъуэм и лIыкIуэхэр, зи лъабжьэр Къэбэрдейм къыщежьэхэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэ гъэщIэгъуэнхэм, иджы нобэ Iэтауэ дгъэлъапIэхэм, хэтащ. Ди къэралым и тхыдэм увыпIэшхуэ щаубыдащ абыхэм, ахэр щытащ урыс къэрал унафэщIхэм я дзыхь зрагъэз, я дарэгъу цIыхухэу.

Апхуэдэу дэ дыхэтащ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу хаха КъумпIыл Мурат и къулыкъум щыпэрыхьэм иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий абы щехъуэхъум жиIащ: «Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэкъуэшыныгъэм и къуэпс быдэрэ зэныбжьэгъугъэ лъэщкIэ зэпыщIауэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ къызэдокIуэкI. Си фIэщ мэхъу ди зэпыщIэныгъэхэм хэхъуэу, дызэдефIакIуэу иджыри куэдрэ дызэрызэдэгъуэгурыкIуэнур. НэгъуэщIу хъункIи Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ дэ дызэкъуегъэувэ ди блэкIар зыуэ зэрыщытым, дызыхущIэкъури ди лъахэр, кавказ щIыналъэр, Урысейр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ».


Сэхъурокъуэ Хьэутий

Иджыри зэ дохъуэхъу КъумпIыл Мурат къэрагъэза дзыхьыр ехъулIэныгъэхэр иIэу ирихьэкIыну икIи Адыгейм щыпсэухэм мамырыгъэрэ гурыфIэгъуэрэ я куэду псэуну.

АПХУЭДЭУ иджыблагъэ лэжьыгъэ Iуэхукiэ сэ сыхуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олег. Дэ дытепсэлъыхьащ ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным, лъэпкъ, дин зэныкъуэкъухэр къэгъэхъункIэ Iэмал зэримыIэм, щIалэгъуалэр тэмэму гъэсэнымрэ ахэр егъэлеиныгъэ зыпылъ Iуэхухэм демыгъэхьэхынымрэ теухуауэ щIапхъэм.

«Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщауэ Евразием хыхьэ лъэпкъхэм я ассамблеем и япэ зэхуэсышхуэ Москва щекIуэкIам сэри срагъэблэгъащ. Къэрал 92-м я лIыкIуэу цIыху мини 3-м щIигъу зыхэта Iуэхум дыщытепсэлъыхьащ мамырыгъэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, зэрызэдэлажьэм зегъэужьыным, ассамблеем и мурадхэр гъащIэм хэпща хъуным.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Жылагъуэ советым дыхэтщ дэри, абы и япэ зэIущIэм дыхэлэжьыхьащ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр, Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм жылагъуэ IуэхущIапIэхэр зэрыхэлIыфIыхьыпхъэ Iэмалхэр щызэпкърытхащ абы.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэр жэуаплыныгъэ ин пылъу зыпэрыт Iуэхухэм ящыщщ нобэ адыгэбзэм и Iуэху зыIутым, абы и зыужьыкIэ хъуным, зыуэ щыт литературэбзэ къызэгъэпэщыным ехьэлIахэр. Лъэпкъыр щызыгъэIэж, хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу абы бгъэдэлъ бзэр хъумэным, ар адэкIи зэредгъэфIэкIуэным теухуа зэIущIэ, щIэныгъэ конференцэ куэд идогъэкIуэкI икIи хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щIэблэм я анэдэлъхубзэр егъэджа зэрыхъуми дыкIэлъоплъ. Къапщтэмэ, иджыпсту къэрал 50-м щIигъум щыпсэу ди лъэпкъыр зэпызыщIэ лъэмыжщ ди щIалэгъуалэр. Ахэр Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, хамэ щIыналъэхэм щыпсэу школакIуэхэм адыгэбзэр зэраджын тхылъхэр яхуегъэхьыным, хэхэс сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэгъэпсэхуным, нэгъуэщIхэми ди къарурэ зэфIэкIрэ етхьэлIэ зэпытщ.

Ди къалэн нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр, хэгъэгухэр, къэралхэр зэпыщIэныр, зэлъэгъэIэсыныр ди пщэрылъщ. А мурадыр диIэу дэ дахохьэ Ставрополь краймрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ щыпсэу мэздэгу адыгэхэм, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм, Тыркум, Израилым, Иорданием исхэм. Дэ зыщыдгъэгъупщэркъым ди лъэпкъым и процент 90-р хамэ щIыпIэхэм ипхъауэ зэрыщытыр, пыщIэныгъэхэр яхудиIэщ адыгэ щыпсэу къэрал псоми, хасэ къудамэхэр щолажьэ ди къуэш, шыпхъу нэхъыбэ щыхэхэс щIыпIэхэм. Абыхэм къызэрагъэпэщ Iуэхухэми жыджэру дыхэтщ, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр зэрахъумэм дыщогуфIыкI, дрогушхуэ ди лъэпкъыцIэр фIыкIэ зыгъэIу цIыху цIэрыIуэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ адыгэхэр щIы хъурейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щопсэу икIи лъэпкъ хабзэхэр хуэсакъыу зэрахъумэр, мамырыгъэм, гуапагъэм, захуагъэм я телъхьэу зэрыщытыр дэни щагъэлъагъуэ. Хэкужьым и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысей Федерацэм и гъащIэм. Зэман нэхъ хьэлъэ-хэм дэ къытлъыкъуэкIа гъэунэхуны-гъэхэм зэщIыгъуу дыкъыхэкIащ икIи къэралым и къэкIуэнур нобэ дызэщIыгъуу зэтыдогъэувэ. Си фIэщ мэхъу нобэ дгъэлъапIэ махуэм фIы куэд къытхудэкIуэну, ди лъэпкъым и зыужьыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ ефIакIуэу, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм зиужьу дяпэкIи дыкIуэтэну! Мамырыгъэ, фIыгъуэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фиIэну сыфхуохъуахъуэ!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**,
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

**ЛУ Джихьэн**

## ХамэщIым и «фIыщIэ»

**Ди лъэпкъыр и цIыху**
**Къалэным хуэпэжу щымыту**
**ГъащIэм зы махуи хыхьакъым,**
**Iэщэр тIэщIэлъу хамэщIыр тхъумэжу**
**ДгъэщIати, зы фIыщIи, щIыхьи**
**пытхакъым.**

**Гу бампIэр игъэтIысу,**
**Зэхэсхми зы пшыналъэ,**
**Лъэпкъ псор щызэбгъэдэсу**
**ЩыслъагъукIи зы жьэгу пащхьэ,**
**Адыгэ лъахэр, нартыжь хэкур**
**УщофIэрафIэ уэ си нэгум.**

*Тырку, Бурсэ*

*Германие, Берлин*

**ДЭГУМЫКЪУЭ Орхьэн**

## АдыгэщI

**Сыжейми, сыкъэушми,**
**Къурш щыгум сихьэу**
**сыкъежэхми,**
**Сыузыншэу сыщыуши,**
**Шэ схэлъыр щысхахыжми,**
**Адыгэ лъахэ, уэрщ си плъапIэр,**
**Уэращ сэ си Iэри гугъапIэу.**

**ДЫГЪУЖЬ ФуIэд**

## Уз

**Уз Iеищэ къызоуз,**
**Къызоузри - сегъэгыз.**

**Пхъэхым хуэдэу сызэпех,**
**КъысхыхьэхукIэ сегъатхъэ.**

**Къызэузми, си гуапэщ,**
**СрищIыкIми, сфIэлъапIэщ.**

**Уэ си узу, бетэмал,**
**ХыумыгъэщIыт зы мэскъал.**

**Адыгэ псоми еуалIэ,**
**Псори зы щIыпIэ ешалIэ.**

**Уеуз хъумэ - заIэтынщ,**
**Уи хущхъуэгъуэр къагъуэтынщ.**

**Гъуэгу нэхъыфIым дытепшэнщ,**
**МыхъумыщIагъэм дыхэпшынщ.**

**Сэ си узыр хэт къищIэн?**
**Си щэхуфIыр къыздищIэн?**

**Адыгагъэрщ къызэузыр,**
**ЦIыху пэжагъырщ сэ сызысыр.**

**ЗэрыцIалэми си узыр,**
**Сыхъужынут зэуэзэпсэу:**

**Си лъэпкъ мащIэр зы хъужамэ,**
**Iуащхьэмахуэ тлъагъужамэ!**

*Сирие, Хъышние къуажэ*

# Инал Нэху деж къыщожьэ



**Къэбэрдей, беслъэней, кIэмыргуей, хьэтыкъуей уэркъ лIакъуэхэм я тхыдэр Инал Нэху (XIV лIэщIыгъуэм и кIэхэм XV лIэщIыгъуэм и пэхэм) адыгэпщым деж къызэрыщежьэр дощIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, нобэ тцIыху адыгэ щэнхабзэм, хабзэм, пщыгъуэм, уэркъыгъэм и зэхэлъыкIэр зыубзыхуар, адыгэ лъэпкъыр зы унафэрэ жыпхъэрэ изыгъэувауэ щытар Инал Нэхущ.**

ИНАЛ НЭХУ и адэжьхэр къызыхэкIа лъэпкъымрэ къыздикIа щIыналъэмрэ ятеухуауэ тхыдэтххэм Iуэху еплъыкIэу тIу яIэщ: зымкIэ - пщыр Мысырым илъэс куэдкIэ тепщэу щыщыта мамлюкхэм къахэкIащ, етIуанэмкIэ - Вавилоным щыпсэуа Ларунхъан и щIэблэщ. Дэтхэнэ зыми щыхьэт техъуэ тхыгъэ щхьэхуэхэри щыIэщ.

Псалъэм папщIэ, 1838 гъэм Спенсер Эдмонд етх: «Инал Нэху Мысырым пащтыхьыгъуэр щызезыхьэу щыта адыгэ мамлюкхэм ящыщщ, а щIыналъэм 1453 - 1461 гъэхэм щыпащтыхьащ, хэкум къигъэзэжа нэужь, адыгэ лъэпкъхэр зэгуигъэхьэу зы къэралыгъуэ иухуэну хузэфIэкIащ». ЕтIуанэ еплъыкIэм и телъхьэщ тыркубзэкIэ тха, адыгэ лъэпкъым пщы-уэркъ лIакъуэу иIам я тхыдэр къыщыгъэлъэгъуэжа «Адыгэпщхэм я хъыбар» тхылъыр. А Iэрытхыр Нэгумэ Шорэ тегъэщIапIэ ищIауэ жаIэ, «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» щызэхигъэувам. Ди лъэпкъым пщыпэпщыж хуэхъуа Инал Нэху къызыхэкIамрэ къыздикIа щIыпIэмрэ нэхъ убгъуауэ щытепсэлъыхьыр «Адыгэпщхэм я хъыбар» тхыгъэм и етIуанэ Iыхьэращ.

Абы зэритымкIэ, илъэсищэ куэд и пэкIэ Вавилон къыщыхъея лъэпкъ зауэм Ларун пщыр хэмыкIуэдэн папщIэ, и щIыналъэр ибгынэн хуей хъуат. Ларун и къуитIыр щIыгъуу - Черкесрэ Бекесрэ - Мысырым Iэпхъуащ икIи мыгувэу щIалэхэм IэнатIэшхуэ ягъуэтащ. А тIум я пщIэр апхуэдизкIэ лъагэ хъуати, зыхэс лъэпкъым гузэвэгъуэ къыщтащ икIи тырку сулътIаным деж а хъыбарыр щынагъэсым, Черкесрэ Бекесрэ зрагъэгъуэта тепщэгъуэр къыIэщIахын мурадкIэ дзэ зэщIэузэда Мысырым къиунэтIащ. Мазэ бжыгъэкIэ екIуэкIа зауэм зэкъуэшитIыр хэкIуэдауэ, дзэм и нэхъыбэри зэтракъутауэ Черкесымрэ Бекесымрэ я щIэблэмрэ Iыхьлымрэ (Туманбейрэ Хьэрыпхъанрэ) Мысырыр ябгынащ икIи Александрие лъэныкъуэмкIэ яунэтIащ, абдеж щетIысэхыну.

СулътIаным ар къищIэри, аргуэру дзэ якIэлъигъэкIуащ. А зауэм Туманбейрэ къахуэна дзэм и зэхуэдитIымрэ хокIуадэ. Хьэрыпхъаным, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъуэту, и цIыхухэр зэщIекъуэ, кхъухьым йотIысхьэри, Византием дамэгъу къыщилъыхъуэну йожьэ. ЗдиунэтIам нэса нэужь, Хьэрыпхъаныр алыдж пащтыхьым и деж макIуэри, и Iуэхур зыIутыр хуеIуатэ, Тавридэ щIыналъэм щыIэ Къэбардэ псыхъуэр къретри, ар псэупIэ яхуохъу. Абдеж илъэс куэдкIэ щыпсэуауэ, Хьэрыпхъаныр дунейм йохыжри, лъэужьырыт хъуа и къуэ Абданхъаныр яукIыну тырку сулътIаным дзэ къызэриутIыпщар къещIэ, зызэщIекъуэри, КъухьэпIэ КавказымкIэ еунэтI. Гъуэгу здытетым Абданхъан и унэгуащэм щIалэ цIыкIу къелъхури, сабийм Къес фIащ.

ЦIэмэз къесылIа гупым а щIыпIэр псэупIэ яхуэхъуну хуит ящIащ тенджыз ФIыцIэ Iуфэм деж щыпсэу адыгэхэм. Абданхъаныр дунейм ехыжа нэужь, абы и къуэ Къес и хьэл-щэн дахэмкIэ, зэрихьэ хабзэмкIэ, и хахуагъэмкIэ адыгэхэр дехьэхри, я пщу къалъытэ.

Къес и ныбжьыр нэсу дунейм ехыжа нэужь, пщыгъуэр абы и къуэ Адо къылъос, ауэ щIалэр и къалэнхэм пэмылъэщу, унафэ хуэмыщIу щытауэ тхыдэм къыхощыж. Абы и тетыгъуэм унафэм къыщIэкIа, зэмызэгъыж хъуа лъэпкъыр зэтеубыдэжынымрэ зэрыгъэубыдыжынымрэ и гъащIэ псор щхьэузыхь хуищIащ щIалэ дыдэу пщыгъуэр къызылъыса Хъурыфэлъей - Адо и къуэм. Ауэ адыгэ лъэпкъым и зыIэтыгъуэр, и щIэрэщIэгъуэр, и дахэгъуэр, и лъэщыгъуэр зыхуэзар Хъурыфэлъей и къуэ Инал Нэху и пщыгъуэращ.

Инал Нэху хузэфIэкIащ цIыкIу-цIыкIуу зэбгрыдза адыгэ-абазэ лъэпкъхэр зэрипхыу, зы къэралыгъуэшхуэ къигъэунэхун. ЦIыхухэм лей къатемыхьэу, щхьэж къылъыса щIыпIэм щефIакIуэу щыпсэуну Iэмал яритырт пщышхуэм, ауэ абы и унафэм къемыдаIуэхэр, къыпэщIэувэхэр, лъэпкъыр зэщIэзыгъэстхэр къарукIэ игъэсабырыжу, Iэлхэм я псэр хихыу дунейм тетащ ар.

Инал Нэхум и тепщэгъуэмкIэ мыарэзыуэ зауэ къэзыIэтахэм ящыщщ абазэпщ Уэздэмыр. Ар ягъэсабырыжын мурадкIэ, Инал Нэхум иутIыпща кIахэдзэр абазэпщым зэтрикъута нэужь, пщым дзэ къызэригъэпэщарэ, езыр и пашэу къежьауэ къыщищIэм, Уэздэмырыр шынэри, Абхъазым игъэззэжащ. Инал абы и ужь иту макIуэри, Уэздэмыри къыпэщIэувахэри зэтреукIэ, пщышхуэу къэзылъытэхэр къыхуэпэжыну тхьэ къыхуаIуэри, къегъэзэж.

Инал Нэху цIыхухэм фIыуэ къалъагъурт, пщIэ хуащIырт, Инал IущкIэ еджэрт. А лъагъуныгъэри нэхъыбэ щыхъуар нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа, и адэжьхэм къакIэлъыкIуа цIыхухэм адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ къаригъащтэу, ди лъэпкъэгъуу залъытэжу хъуа нэужьщ.

Инал Нэху щэ фыз къишат. Языныкъуэ тхыдэджхэм зэрыжаIэмкIэ, къуитху иIащ пщышхуэм. Япэрей фызым Жанхъуэт къыхуилъхуат, етIуанэм - Минболэтрэ Беслъэнрэ, ещанэм - Унэрмэсрэ Къэрмыщрэ. Пщым и къуэхэр, адыгэ хабзэм тету, уэркъхэм къану яритри, яригъэпIащ. НэгъуэщI щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Инал къуитIщ иIар - Тобылэрэ Беслъэнрэ, икIи Унэрмэси, Къэрмыщи, Минболэти, Жанхъуэти абы и къуэрылъхуу арат.

АРАМИ, пэжыр пэжщ. Инал Нэху и бынхэми, абыхэм я быныжми зы щIалэ къахэкIакъым пщышхуэм къызэригъэпэща къэралыгъуэр ихъумэну, иригъэфIэкIуэну, зригъэужьыну. Инал дунейм ехыжа нэужь, пщым къыщIэна щIыналъэмрэ мылъкумрэ зэкъуэшхэм зэхуагуэшыжщ, щхьэж къылъысым езым и цIэр лъэпкъыцIэу фIищыжри (кIэмыргуей, беслъэней, къэбэрдей), уэркъ лIакъуэу забжыжу зэбгрыкIыжащ, зэгурымыIуэмрэ зэзауэмрэ пищэжащ. Пщышхуэр дунейм тетыху зыхэсар кIэмыргуейхэращ икIи а лъэпкъыр «уэркъхэм я уэркъыжу» къилъытэу щытащ.

Нэгумэ Шорэ зэритхымкIэ, Инал Абхъазым щылIащ, абы и кхъащхьэм абхъазхэр «Инал къубэкIэ» («Инал и кхъащхьэ») иджыри къэс йоджэ. «Инал лIа нэужь, - етх Нэгумэ Шорэ, - цIыхухэм ядакъым абы и къуэхэм едэIуэн. Хэкум и унафэр зэрызэрахьэн акъылрэ фIэлIыкIрэ ябгъэдэлъакъым абыхэм. Аркъудейми къыщынакъым: я пагагъымрэ я хьэл мыхъумыщIэмрэ цIыхухэм яхуэмышэчыж хъуащ, езыр-езыру зэныкъуэкъужу щIадзащ, Инал зэтриубла IуэхуфIхэр якъутэжри, нэхъыщIэр нэхъыжьым емыдэIуэж хъуащ».

Осетин усакIуэшхуэ Хетагуров Коста и лъэпкъри, езым зэритхымкIэ, Инал и къуэрылъхухэм ящыщ зым (Хьэтагъ) къытехъукIащ. Инал и цIэр зэрехьэ Iуащхьэмахуэрэ Балъкъ псыщхьэрэ я зэхуаку дэт бгы лъагэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Урысейм и ЛIыхъужь КIарэ Анатолий

**КъБР-м щыIэ МВД-м и тхыдэм щыяпэу Урысейм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу 2008 гъэм щIышылэм и 12-м хэкIуэда милицэм и полковник КIарэ Анатолий СулътIан и къуэм. Абы и цIэр тратхащ Зэгурыйуэныгъэм и утым деж щыт, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм я цIэр къызытещ ЩIыхь пхъэбгъум. Хабзэхъумэ къэмылэнджэжым и цIэр зэрехьэ ар щеджа Налшык къалэ дэт курыт школ №4-м, Шэджэм къалэм и уэрамхэм ящыщ зым.**



КIАРЭ Анатолий 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 1975 гъэм лэжьэн щIидзащ Налшык и Республикэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и тренер-инструктору. 1979 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт факультетыр къиухащ. 1990 гъэм юрист IэщIагъэ Мэзкуу щызригъэгъуэтащ. СтIолыщхьэ теннисымкIэ спортым и мастер цIэр къыфIащауэ ар республикэмрэ РСФСР-мрэ я командэ къыхэхахэм хэтащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, МВД-м я щIыхьыр зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щихъумащ.

1981 гъэм хабзэхъумэ лэжьыгъэм щыпищащ Октябрь РОВД-м и милицэм и участковэ уполномоченнэу. ИужькIэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр ирихьэкIащ.

2005 гъэм и шыщхьэуIум КъБР-м щыIэ МВД-м и Криминальнэ милицэм и УБОП-м и унафэщIу ягъэуващ. IэнатIэ гугъум щыпэрыта зэманым, милицэм и полковник КIарэ Анатолий Iуэхум кууэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIу, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, офицер нэсу зыкъигъэлъэгъуащ. Абы, сыунафэщIщ, жиIэу зэи зыкъуигъэпщкIуакъым и лэжьэгъухэм, къалэныр езыхьэкIхэм я щIыбагъым. А псори абы наIуэ ищIауэ щытащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр Налшык къыщытеуам. Абы зэрихьа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым пщIэшхуэ къыхуищIащ - КIарэ Анатолий къыхуагъэфэщащ ЛIыгъэм и орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» медалым и 2-нэ нагъыщэр, «Жылагъуэ хабзэр хъумэным къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр, 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ (мыпсэужу) абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэр - Урысейм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр.

ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ икIи куэд зэфIэзыгъэкIыф цIыхут КIарэр. Ди щIыналъэм мамыр псэукIэр щызэтезыкъутэну хэт бзаджащIэхэм жэщи махуи псэхупIэ езымыт хабзэхъумэ къэмылэнджэжыр щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ. Анатолий гъащIэшхуэ иIакъым, ауэ къигъэна лъэужьыр щапхъэщ.

Москва, Горькэм и цIэр зезыхьэ жыг хадэ зыгъэпсэхупIэм итщ Урысейм и хабзэхъумэ ЛIыхъужьхэм я цIэхэр зытетха стелэ. КIарэ Анатолий и щIыхькIэ абы щагъэуващ фэеплъ пхъэбгъу, къыдэлэжьахэм я мызакъуэу, Урысей псом щащымыгъупщэн икIи хуэфащэ пщIэ хуащIын папщIэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**АДЫГЭХЭР лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ золIэбэкIыжри, Китайм, Мысырым, Къэжэрым я гугъу умыщIмэ, адыгэхэм я блэкIам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми зи гугъу ящIхэр дыгъуасэрей хъыбарщ.**

**Адыгэхэр нэгъуэщI телъыджэ гуэркIи псоми къахощ: ахэр зэрыпхъуакIуэм и унафэ зэи щIэтакъым. ИкIуэтащ, къуакIэбгыкIэхэм зыщагъэпщкIуащ, къаруушхуэкIэ ираудыхащ, ауэ къатегуплIахэм я хабзэхэм фIэлIыкIа мыхъумэ, зызыхуагъэщхъа къару щыIэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щIэту мэпсэу. Шэрджэс лъэпкъыр гъэщIэгъуэн зыщI Iуэхущ мыри: щIы хъурейм тет дэтхэнэ лъэпкъри и тхыдэ жыжьэм зэбгъэплъэкIыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техъуэфу къахэкIынур.**

**БжыгъэкIэ куэд мыхъухэми, я щIыналъэм апхуэдизкIэ купщIэшхуэ ехъумэри, пасэрей цивилизацэхэм а лъэпкъыр фIы дыдэу щацIыху. Адыгэхэм я гугъу ящI Геродот, Флакк, Помпоний, Страбон, Плутарх сымэ хуэдэ тхакIуэ щэджащэхэм.**

**Илъэс минитIрэ щищым щIигъуауэ дунейм нэхъ лъэрызехьэу тета тепщэхэм щахъумэфа хуитыныгъэм и лIыхъужь пшыналъэщ абыхэм я IуэрыIуатэр, таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр.**

*«Глисон и сурэт журнал». Лондон. 1854 гъэ*

# Нэгумэ Шорэ и вагъуэр ноби мэлыд

**Къэбэрдей-шэрджэсыбзэр джыным, абы и псалъэхэр зэхуэхьэсыным, псалъалъэ зэхэлъхьэным елэжьыным и лъэхъэнэщIэр епхащ Нэгумэ Шорэ. Ди зэманми мыхьэнэшхуэ зиIэ япэ адыгэ-урыс псалъалъэр абы 1830 гъэм зэхилъхьащ.**

НЭГУМЭ Шорэ Бэчмырзэ и къуэр 1794 гъэм Жыцу псы Iуфэм Iуса адыгэ къуажэ цIыкIум къыщалъхуащ. Ар къызыхэкIар уэркъ унагъуэщ. Япэ лъэхъэнэм, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар къуажэ ефэндым деж щеджащ. ЩIэныгъэм дихьэха щIалэм абы пищэну мурад ищIри, Дагъыстаным щыщ Эндери къуажэм дэт еджапIэм щIэтIысхьащ. И егъэджакIуэхэм я фIыгъэми е езым и ерыщагъым къыхэкIами, а зэманым тепщIыхьмэ, щIэныгъэфI иIэу а еджапIэр абы къиухащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Нэгумэм цIыхугъэ хуэхъуа урыс усакIуэ Нечаев Сергей зэритхыжамкIэ, Шорэ абы щыгъуэ бзитху ищIэрт: хьэрыпыбзэр, персыбзэр, тыркубзэр, абазэбзэр, урысыбзэр.

Зи хэку къэзыгъэззэжа щIалэр къуажэ ефэндыуэ ягъэув, ауэ а лэжьыгъэр абы игу ирихьыркъым. Аращ абы и лэжьыгъэр къигъанэу урысыдзэм къулыкъу щищIэн щIыщIидзар. Илъэс зытIущкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр игъэзэщIа нэужь, Нэгумэм полк тхакIуэ къалэныр къыхуагъэфэщащ. А къулыкъур щызэрихьа илъэсхэм абы урысыбзэр нэхъри нэхъ куууэжу зригъэщIащ. Къыдалъхуахэм тхыбзэ яхузэхилъхьэну ищIа мурадыфIхэр гъэзэщIэныр а илъэсхэрщ Нэгумэм щыщIидзар.

Абы щыхьэт тохъуэ Нечаев Сергей итхыжахэр. А Iуэхум тепсэлъыхьу абы 1826 гъэм и тхыгъэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щыжиIащ: «Муслъымэн диныр къызэращтэ лъандэрэ, хьэрып шрифтыр къагъэсэбэпурэ, шэрджэсхэр я бзэкIэ матхэ. Ауэ шэрджэсыбзэм макъыу иIэ псори къэбгъэлъэгъуэну хьэрыпыбзэ хьэрфхэр зэрымикъум къыхэкIкIэ, шэрджэсхэм (адыгэхэм) папщIэ азбукэ щхьэхуэ зэхэлъхьэн зэрыхуейр къыгурыIуауэ, абыхэм я уэркъхэм ящыщ зым, мыбы къакIуэ псоми яцIыхуу щыт Шорэ, и мурадщ апхуэдэ азбукэ зэригъэпэщу правительствэм и деж иригъэхьу трыригъэдзэну. Азбукэр къыдэкIа нэужь, грамматикэм и хабзэри къиихутэн мурад иIэщ».

Бзэ куэд зэрищIэм, лъэпкъ тхыдэм и къызэгъэпэщыным зэрелэжьым къыхэкIкIэ, 1828 гъэм Нэгумэр Налшык къагъэкIуэжащ, бгырыс сабий цIыкIухэр иригъэджэну. Ахэр Нэгумэ Шорэ хуригъэджащ урысыбзэмрэ тыркубзэмрэ икIи а лъэхъэнэм а еджапIэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым нэIуасэ зыхуэзыщIа щIэныгъэлI зэхуэмыдэхэм зэакъылэгъуу зэратхыжыгъамкIэ, зэман кIэщIым къриубыдэу абы ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьат.



НЭГУМЭ Шорэ 1830 гъэм Бытырбыху кIуащ икIи абы къулыкъу щищIэу щIидзащ Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм. Урысей щыхьэрым къыщыса япэ махуэхэм щегъэжьауэ мурад ищIахэр зэригъэзэщIэным нэхъри ерыщу ар яужь ихьащ. Абы зыпищIащ университетым и егъэджакIуэхэм, езыми езэш имыщIэу щIиджыкIащ урыс тхыдэр, нэхъ куууэ зригъэщIащ урысыбзэр. И лэжьэкIэм теухуауэ иужьыIуэкIэ Нэгумэм мыр итхыжыгъауэ щытащ: «Бытырбыху къулыкъу щысщIэну сыкъэса нэужь, къаруушхуэкIэ си гум къыщызэрыIэтащ грамматикэ стхыну, икIи, дзэ къулыкъум сыкъыдэхуа нэужь, урысыбзэмрэ урыс грамматикэмрэ джыным си зэман псори тызогъэкIуадэ».

Бытырбыху зэрыдэса илъэситхур Нэгумэм пщIэншэу игъэкIуэдакъым, нэгъуэщIыбзэхэр, абыхэм я зэхэлъыкIэхэр, я литературэхэр нэсу джыным и мызакъуэу, абы къиихутащ иригъэкIуэкIыну и мурад лэжьыгъэхэм гъуазэ хуэхъун Iуэхугъуэхэри.

Бзэ куэд зыщIэ щIэныгъэлIыр нэхъ къыщысэбэпыну къалъытэри, Нэгумэ Шорэ 1835 гъэм Кавказ корпус щхьэхуэм къагъэкIуэжащ. Тифлис къэIэпхъуа нэужь, Шаховский джыназым и унэм Шорэрэ бгырыс лъэпкъыбзэ-хэм елэжь урыс академик цIэрыIуэ Шегренрэ япэу щызэхуэзащ. БзэщIэныгъэм теухуауэ куэд зылэжьа Шегрен Андрей Михаил и къуэр Урысейми, Финляндиеми, Кавказми, псом хуэмыдэу адыгэхэм я деж, щыцIэрыIуэт. Ар ящыщт дунейпсо щэнхабзэм лэжьыгъэшхуэ хэзылъхьахэм.

Шегренрэ Шорэрэ я кум ныбжьэгъугъэ гуапэ къыдэхъуэри, бзэщIэныгъэм теухуауэ зэдэлажьэу щIадзащ. Урыс щIэныгъэлIыр Нэгумэм къыдекIуэкIащ игъэгушхуэу, и лэжьыгъэхэр зэрыригъэкIуэкIын хуей щIыкIэхэр къыжриIэу, и щыуагъэхэр иригъэлъагъужу. Академикым игъэщIагъуэрт «зи цIыхухэр ныкъуэлIэу» ябж Кавказым къыщалъхуа щIалэр адыгэбзэ грамматикэ тхыным зэрыпэлъэщыр. Урыс тхэкIэм хуэIэзэ хъуа Шорэ и гупсысэкIэр игъэщIагъуэрт. Шегрен и гукъэкIыжхэм хэтщ мыпхуэдэу: «1835 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Шаховский джыназым деж сыщыIэу срихьэлIат зы адыгэ щIалэ, иужькIэ ныбжьэгъушхуэ схуэхъуам. Ар бзэхэм елэжь Бекмурзин Шорэт. Акъылышхуэ зиIэт. Илъэситху хуэдизкIи Бытырбыху дэсат, тхыдэмрэ бзэхэмрэ елэжьу. Абы игъусат щIэныгъэлI барон Розен. Ар къыдэIэпыкъуурэ щIалэм зэхилъхьат адыгэ грамматикэ, урыс азбукэр къигъэсэбэпурэ».

КАВКАЗ лъэпкъхэм я бзэм елэжьу а зэманым щыIар Шегрен Андрей Михаил и къуэрт. Шорэ и Iэрытхыр икъукIэ гъэщIэгъуэн къыщыхъуауэ, адыгэбзэм и фонетикэри, лексикэри, морфологиери иджырт. Зи бзэр фIыуэ зыщIэж цIыхурщ абы и грамматикэри зэхэзылъхьэфынур. Шорэ апхуэдэт. Адыгэ щIэныгъэлIым и грамматикэр дунейм къытригъэхьэн папщIэ, Шегрен ечэнджэщри, зэригъэзэхуэжуи щIидзат.

Апхуэдэу академикыр щIэупщIэрт кIыхьлIыхь хъуа Урыс-Кавказ зауэм къиша гузэвэгъуэр зыхуэдэм. Шорэ щIэныгъэлIым хуиIуатэрт ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм я къекIуэкIыкIар, я гъащIэр гугъуу зэрыщытар. «Ди гъунэгъу урысхэми, къуршым адэкIэ щыпсэу сонэхэмрэ ермэлыхэмри езыхэм я алыфбеи я тхыбзи яIэжщ. Дэ, адыгэхэр, дызэрытхэну алыфбей къудей диIэкъым, тхылъ дэнэ къэна. Сытым щыгъуэу пIэрэ щIэныгъэм и нэхур ди деж щыщыблэнур?» - жиIэрт Шорэ. Шегрен фIэгъэщIэгъуэнт Нэгумэм куэдым зэрыхищIыкIыр, ар икIи зэрыхузэфIэкIкIэ абы сэбэп къыхуэхъуащ.

А тIур зэман дэкIауэ щызэхуэзэжат Псыхуабэ и гъунэгъуу щыIэ Карас колонием. ИужькIэ Шорэ Шегрен Къармэхьэблэ иригъэблагъэри, хьэщIэ лъапIэр лъэпкъым, и щхьэгъусэ Сэлимэт, и къуэ Ерустам сымэ яригъэцIыхуащ.

1830 - 1840 гъэхэм Псыхуабэ и псы хущхъуэхэм куэдрэ къакIуэу щытащ Бытырбыху ЩIэныгъэмкIэ и академием хэтхэр. Нэгумэм абыхэм захуигъазэрт, ечэнджэщырт бзэм и зэхэлъыкIэм, азбукэм, фонетикэм, тхыдэм теухуауэ. Шегрен Шорэ елъэIурт: «Уэ, си ныбжьэгъу, щIэныгъэфI уиIэщ, накIуэ Бытырбыху, бзэщIэныгъэмкIи дыбдэIэпыкъунщ, къалэм и библиотекэхэм, архивхэм ущылэжьэнщ».

Шорэ щIиджыкIащ Урысейм и тхыдэр, и литературэр, и щэнхабзэр. Абы фIыуэ иджат икIи гъэщIэгъуэн къыщыхъуат тхыдэтх цIэрыIуэ Карамзин Николай «Урысей къэралыгъуэм и тхыдэ» том 12 хъу и тхылъыр. Абы итт адыгэхэр ижьижьыж лъандэрэ къызэрекIуэкIари. Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэпыщIэныгъэу яIар зыхуэдизри, урыс пащтыхь Иван Грознэм Темрыкъуэ пщым ипхъу Гуащэнэ къызэришауэ щытари, килограммищ зи хьэлъагъ дыщэ фалъэ тыгъэ къызэрыхуищIари... Нэгумэм и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» и япэ напэкIуэцIхэм уащрохьэлIэ Карамзиным и цIэм.

НЭГУМЭ Шорэ Бытырбыху щыщыIэм куэдым щыгъуазэ хуэхъуащ, абы игъэщIагъуэрт урысыбзэм и къулеягъыр. И тхыгъэхэр хьэзыр ищIа нэужь, псори зэщIикъуэри ЩIэныгъэмкIэ академием кIуат, иужь дыдэу щIэныгъэлIхэри хигъэплъэжыну... АрщхьэкIэ, 1844 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, абы и дыуэщIым хэтат Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм къулыкъу щызыщIэ адыгэ шууейхэр, Царскэ Селом дэт Павловскэ кIэдет корпусым щеджэ уэркъ бынхэр, тэтэр муслъымэнхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу, и ныбжьэгъухэу Шегрен Андрей, Берже Адольф сымэ, нэгъуэщIхэри. ЗдыщIалъхьар Бытырбыху къалэкIэм щыIа муслъымэныкхъэрщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

АДЫГЭЛIЫМ и къару илъыгъуэм деж цIыхубзыфэ къытезыгъэуэн псоми, уеблэмэ щхьэгъусэмрэ бынымрэ ябгъэдэсу унэм щIэсыным, зыщедзей. Абы къыхэкIыу, щIыIэри, хуабэри, мэжалIэри къыфIэIуэхукъым, тхьэмахуэ бжыгъэкIэ гъуэгу тетыфынущ, ихъуреягъыр тхъапIэу щытми, ху къэлътмакърэ зы псы фэндрэ фIэкIа гъуэмылэу хуэмыныкъуэу. Жыжьэ къикIа цIыху игъэхьэщIэмэ, е, махуэшхуэм и хьэтыркIэ, хабзэм зыдригъэкIу хъумэщ абы тыншыгъуэ гуэр зригъэкIуалIэу щыплъагъур. Ауэ и ныбжьыр хэкIуатэмэ, и шыIэныгъэр нэхъ къегъэлалэ. Абдежращ абы гъащIэм и IэфIыр зыхищIэу псэууэ гу щылъыптэр. ДэнэкIи щыболъагъу унагъуэ насыпым и щапхъэу щхьэгъусэм, быным, къуэрылъху-пхъурылъхухэм къаухъуреихьу хьэблэм дэс дадэ жьыщхьэ махуэхэр.

*СПЕНСЕР Эдмунд,*
*инджылыз тIасхъэщIэх.*
*1830 гъэ*

# УзэщIакIуэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий

**Адыгэр дызэрыгушхуэ узэщIакIуэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий ящыщщ и лъэпкъэгъухэм Iущагърэ щIэныгъэм и нэхумрэ яхэзыхьахэм. Къыдалъхуахэм я гъащIэм щыщ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр езыгъэфIэкIуэну къалэн зыщызыщIыжа ХьэтIохъущокъуэр ящыщщ ди егъэджэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм.**

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ Къазий Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей III (Хьэсэнбий къуажэм) 1841 гъэм къыщалъхуащ. Ар къызыхэкIар пщы цIэрыIуэм и лъэпкъщ. ТхакIуэ, журналист КIашэ Адэлджэрий и гъусэу Ставрополь гимназием илъэсибгъукIэ щеджащ икIи щIэныгъэфI щызрагъэгъуэтащ. ИужькIэ Кавказ армэм къулыкъу щищIащ.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий Услар П. К. урыс графикэр зи лъабжьэ и алыфбейр къигъэсэбэпри, япэ дыдэу адыгэ алыфбей зэхилъхьащ, урысыбзэр и лъэпкъэгъухэм нэхъ тыншу зрагъэщIэн, урыс щэнхабзэм зыхагъэгъуэзэн папщIэ. Ар и унафэщIу щытащ Налшык къалэ анэдэлъхубзэкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр, езым 1866 гъэм гъатхэпэм и 15-м къызэIуиха, щIэупщIэ ин зиIэу щыта школым. АбыкIэ ХьэтIохъущокъуэм къыдэIэпыкъуащ 1858 - 1865 гъэхэм Къэбэрдей округым и унафэщIу щыта, куржы жылагъуэ лэжьакIуэ, тхакIуэ Орбелиани Вахтанг. Абы гулъытэ ин хуищIу щытащ бгырысхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным, лъэпкъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным. АдыгэбзэкIэ тха «Къэбэрдей алыфбей», «Саади и Гюлистаным щыщ Iуэтажхэр», «Сосрыкъуэ и пшыналъэм и едзыгъуитIрэ IуэтэжитIрэ» тхылъхэр къыдигъэкIащ, курыт еджапIэм зэрыщрагъэджэну проектхэр зэхилъхьащ, абы ехьэлIа публицистикэ тхыгъэхэри и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Урыс, дунейпсо IуэрыIуатэм, художественнэ тхыгъэхэм ящыщ куэд зэридзэкIащ ХьэтIохъущокъуэм. Абы и лэжьыгъэхэр мызэмытIэу Тифлис (иджы Тбилиси) къыщыдагъэкIащ. Псом хуэмыдэу щIэупщIэ ин зиIахэм ящыщщ нарт хъыбархэр.

ХьэтIохъущокъуэр зэпымыууэ и телъхьэт адыгэбзэмкIэ курыт еджапIэхэм щрагъэджэным, лъэпкъым зегъэужьыным, цIыхубэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным.

Зи лъэпкъэгъухэм щIэныгъэр яхэзыхьэну зи мурада узэщIакIуэхэм зыхуагъэувыжа къалэнхэр къаймыхъулIэным ерыщу пэщIэта, абыхэм гъуэгу къезымыта пащтыхьхэм я зэранкIэ адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщыным ехьэлIауэ зэфIагъэкIыну яубзыхуа Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд Октябрь революцэ пщIондэ гъащIэм хапщэфакъым. ХьэтIохъущокъуэ Къазий адыгэ



тхыбзэ къызэгъэпэщыным, и лъэпкъэгъухэм я гум щIэныгъэм и нэхур къыщигъэушыным и IуэхукIэ къыпхуэмыIуэтэну лэжьыгъэ щхьэпэ куэд къызэринэкIащ. Зэрытлъагъущи, мыхьэнэ ин зиIэ а Iуэхугъуэхэр псыхэкIуадэ хъуакъым, щIэиныфIу лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм къыхэнащ.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий илъэс 58-м иту 1899 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м дунейм ехыжащ.

**АРЩЫДАН Данэ.**

# Тхьэр зэчийкIэ зыхуэупса Шортэн Аллэ



**Цlыхубз гъэщlэгъуэныщэщ, зи дуней тетыкlэмрэ зыlыгъыкlэмкlэ зыхэтхэм къахэщым и щапхъэ нэсщ, жыпlэкlэ ущыуэнукъым Урысей Федерацэм щlыхь зиlэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ артисткэ Шортэн Аллэ. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс куэдкlэ зэрыхэтам и закъуэкъым ар къызэрацlыхур. Аллэ и дахагъэр дунейм щызэлъащlысауэ щытащ - абы и сурэтыр зытет «Танцующая пара» кlэнфет пхъуантэр дэнэ щlыпlи щащэрт.**

ТХАКIУЭ Шортэн Аскэрбийрэ артисткэ цIэрыIуэ Даниткэрэ япхъу цIыкIур и адэ-анэм ещхь хъун хуейтэкъэ?! Даниткэ ипхъу закъуэр пианинэм хуригъэджэну и гугъат. И анэм и хьэтыркIэ а макъамэ Iэмэпсымэм еуэу зригъэсами, абы и насып хэлътэкъым. Къэфэным и гур къыхуигъэушащ Шэру Соня. Абы и утыку итыкIэр илъэгъуа иужькIэ, адыгэ къафэм ар хьэщыкъ хуэхъуащ.

Курыт еджапIэм и къэфакIуэ ансамблым хыхьа Аллэ утыкур зэи ибгынакъым. Университетым щыщIэсами абы и къэфакIуэ гупым хэтащ. А зэманым ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн зи пашэ къулыкъущIэ зыбжанэ еджапIэ нэхъыщхьэм кIуэуэ ансамблым и къэфэкIэм еплъа иужь, Аллэ къыхахауэ щытащ «Кабардинка» ансамблым хэту Африкэм зыкъыщигъэлъэгъуэну. Къэрал гъунапкъэм уикIыну ущыхуимыт зэманым хамэ щIыпIэ укIуэныр, абы щыгъуэми, «Кабардинка»-м и гъусэу, а ныбжьыщIэм и дежкIэ пщIыхьэпIэм хуэдэт.

- Си адэм сызэримыутIыпщынур къызгурыIуэрт. Сызипхъур къищIа иужькIэ, Джылахъстэни «нэгъуэщI къэгъуэтын зэрыхуейр» жиIат. Унэм сыкъыздэкIуэжам си адэр, уIэли-ууди, къытхутегъэхьэртэкъым. Жэщ псом сыгъащ. Нэху сыкъекIа нэужь, си еджэным зэран зэрыхуэзмыгъэхъунумкIэ, ар зэрыхыфIэзмыдзэнумкIэ псалъэ быдэ сIихри, Африкэм сыкIуэну хуит сищIауэ щытащ, - игу къегъэкIыж Аллэ. - Университетыр хыфIэздзэнкIэ си адэр щIэшынэр гурыIуэгъуэт: зэман пыухыкIакIэ фIэкIа узэрымылэжьэфыну IэщIагъэ закъуэкIэ укъэувыIэ хъунутэкъым, щIэныгъэ ищхьи зэгъэгъуэтын хуейт. ИтIанэ, сытым дежи абы къызжиIэрт: «Сценэр псыпцIэм хуэдэщ, ущIилъафэмэ, зэфIэкIащ. Iэгуауэр зэ зыхуаIэта цIыхур абы къикIыжыфыркъым». А зэманым щыщIэдзауэ илъэс 20-м щIигъукIэ «Кабардинка»-м хэтащ Аллэ. Абы университетри къиухащ.

А лъэхъэнэхэм ар зыцIыхуу щытахэм жаIэжу зэрызэхэсхамкIэ, уи фIэщ хъунутэкъым Шортэныр апхуэдиз илъэс хъуауэ ансамблым къыщыфэу. И зыIыгъыкIэкIи, и теплъэкIи ар езым нэхърэ илъэс куэдкIэ нэхъыщIэ къэфакIуэхэм ефIэкIырт.

Насып. Мы псалъэм цIыхухэм къызэщIрагъэубыдэр зэхуэмыдэ защIэщ. Хэти и лэжьыгъэм дэрэжэгъуэ къритрэ мылъку иIэмэ, насыпыфIэщ, адрейхэм я дежкIэ насыпыр узыншагъэмрэ бынунагъуэмрэщ, ещанэхэм ар зыхалъагъуэр нэгъуэщIщ. Аллэ насыпыфIэщ щIэгъэкъуэн нэс къыхуэхъуу и адэ-анэр къызэрыщхьэщытамкIэ, Тхьэм узэрелъэIунщ жыхуаIэм хуэдэ и къуитIымкIэ. ЦIыхубзым и хьэлым нэхъыфI дыдэу хэлъхэм ящыщщ и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм фIэщхъуныгъэ зэрахилъхьэфыр. «Къапщтэмэ, сэ нэхъ сызэщхьу, зи хьэл-щэным щыщ нэхъыбэ схэлъу къысщыхъур си адэрщ, - жеIэ Аллэ. - Ар езэш зымыщIэ цIыху гуащIафIэт, зыхуигъэувыжа мурадым ерыщу хуэкIуэрт. Ауэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ мы гъащIэм щызиIами, къысхуэзыхьар си анэрщ. Ар мыхъуатэмэ, фIыуэ слъагъу къафэм сыхуэлэжьэфынутэкъым. ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ансамблым и гъусэу сыкIуэфынкIэ Iэмал иIэтэкъым, си бынхэр зыхуей зэрыхуигъазэр, зэримыгъэмэжалIэр сымыщIатэмэ. Абы къыдэкIуэу, Венгрием щыIэ советыдзэхэм я гупым уэрэдымрэ къафэмкIэ я ансамблым илъэситхукIэ сыхэтащ. Илъэсым тхуэ нэхърэ нэхъыбэ сыкъэкIуэжыфыртэкъым, си адэми си бынхэми щхьэкIэ сызымыгъэгузэва си анэм сыхуэарэзыщ, ахърэт нэхур Тхьэм кърит».

Шортэныр иужькIэ лэжьащ лъэпкъ къафэмкIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэу къыщалъыта «Кавказ пшэплъхэр» сабий ансамблым и балетмейстеру икIи утыку итыкIэ екIум, къафэ гъуазджэм и щэхухэм ныбжьыщIэ куэд хуигъэсащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Оперэ уэрэджыIакIуэ пашэ Шэрджэс Iэсият

**КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ Шэрджэс Iэсият КъБР-м и Музыкэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэ оперэ уэрэджыIакIуэ пашэхэм ящыщщ, «Камерата» камернэ оркестрми хэтщ.**



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС Республикэм и Хьэбэз районым хыхьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуа хъыджэбзым а жылэм гъуазджэхэмкIэ и сабий школыр, Черкесск къалэм и музыкэ училищэм фортепианэмкIэ щиIэ къудамэр, Дон Iус Ростов дэт консерваторэм оперэ уэрэдхэр жыIэнымкIэ и къудамэр къиухащ. Хьэбэз къуажэм гъуазджэхэмкIэ и сабий школым щригъэджащ, а жылэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Iэдииху» ансамбль цIэрыIуэм хэтащ.

КъызыхэкIар адыгэ хабзэр, адыгагъэр щызэрахьэ унагъуэщ. Лъэпкъ макъамэм дезыгъэхьэхар, зоотехниемкIэ, селекцэхэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зиIэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iэдииху» ансамблым илъэс плIыщIым щIигъукIэ хэта, тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа и адэ Шэрджэс Алийщ. И анэ Чыржын Розалинэ медицинэм и лэжьакIуэми, пшынауэ Iэзэти, пщэдджыжькIэрэ а Iэмэпсымэр къищтэрти, макъамэ дахэхэм щIигъэдэIуурэ къигъэтэджу зэрыщытар нобэми и нэгум щIэтщ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэ щаIэкIэ Алий - шыкIэпшынэ, Розалинэ - пшынэ, Iэсият пианинэ йоуэхэр.

Iэсият и анэмкIэ и адэшхуэ Чыржын Хъусин Зеикъуэ къуажэм уей-уей жезыгъэIэ джэгуакIуэшхуэу дэсащ. Абы игъэзащIэу щыта уэрэдхэр радиом и фондым къыхэнащ. Iэсият хуабжьу дехьэх оперэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Каллас Марие и творчествэм. Абы и уэрэд жыIэкIэр, утыку итыкIэр, образ къэгъэщIыкIэр хуабжьу игу дохьэ.

Ростов и консерваторэр къэзыуххэм зыкъыщагъэлъагъуэ пшыхьым Гъэсашэ Наталье и хьэщIэт. ЕджапIэр къызыуххэм яхэтт Шэрджэс Iэсияти. Абы и утыку итыкIэр игу ирихьри, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым иригъэблэгъащ. Абы лъандэрэ республикэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуещI. Нэхъ гукъинэж щыхъуа лэжьыгъэхэм ящыщщ Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ», Фырэ Руслан игъэува «Евгений Онегин» оперэхэр.

Темыркъан Пётр зи художественнэ унафэщI «Камерата» камернэ оркестрым зэрыдэлажьэрэ илъэс 22-рэ мэхъу. 1995 гъэм «Евгений Онегин» оперэр утыку къыщрахьам, Темыркъан Пётр зэхихри, и гупым иригъэблэгъауэ щытащ икIи нобэр къыздэсым и гуапэу ядолажьэ. Оркестрым хэтхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр Москваи Ярославли яшауэ щытащ икIи куэдым ягу дыхьащ. ИтIанэ, Iэсият и насып къиихьри, Темыркъан Юрий зи унафэщI Академическэ симфоние оркестрым и гъусэу Чайковский Пётр и цIэр зэрихьэу Москва дэт консерваторэм щекIуэкIа «Симфония Кавказа» лэжьыгъэм хэтащ. Апхуэдэу къыхуагъэлъагъуэ Iуэхухэм фIэфI дыдэу хохьэ.

- Iэсият хуэдэхэр зырызыххэщ. Хьэлщэн, гъэсэныгъэ дахэ, къабзагъэ дыболъагъу. АпхуэдизкIэ цIыху гуапэщ, нэхущи, мыхъумыщIэ хужызыIэфын щыIэу си фIэщ хъуркъым. И адэ-анэм, и дэлъхухэм пщIэ яхуещI. Я унагъуи мызэ-мытIэу сыщыхьэщIащ, зэгурыIуэ я зэхуаку илъщ, гуапэу зэхущытщ. И гъащIэр макъамэ гъуазджэм триухуащ. Оперэми опереттэми зэхуэдэу фIыуэ хозагъэ. «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм зэгъусэу дызэрыщыджэгуар сигу къинэжащ. Гу зылъыстаращи, ущыхуэныкъуэм деж къыбдэIэпыкъуну хьэзыр ныбжьэгъу пэжщ, цIыху губзыгъэщ, адыгэ цIыхубзым и щапхъэщ, - жеIэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Батыр Мухьэдин.

Урысейм и къалэ куэдым щекIуэкIа щэнхабзэ зэхыхьэхэм, фестиваль куэдым хэтащ Шэрджэс Iэсият. Апхуэдэу хамэ къэрал куэдми щыIащ. «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей IутIыж Мэжид 2007 гъэм Тыркум иша гупым яхэтауэ щытащ. ГукъэкIыж IэфIу игу къинэжахэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, IутIыж Мэжид сымэ я пашэу 2009 гъэм Израилым зэрыкIуауэ щытар. Рихьэние, Кфар-Камэ, Иерусалим, Тель-Авив, нэгъуэщI щIыпIэ куэдым щыIащ. Согуэ Данил итха «Адэжь щIыналъэ» уэрэдыр япэ дыдэу Рихьэние щыжиIащ, а къуажэм и цIэр хигъэувэри. Концертым кърихьэлIахэм ар гуапэ ящыхъури, Iэгуауэшхуэ хуаIэтауэ щытащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



Ливаным щыщ уэрэджыIакIуэ телъыджэ Фейруз



Иорданием щыщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ТIаруб (БжэныкIэ Амал)



Мысыр киноактрисэ Фахъреддин Мариам



УсакIуэ Хъунэгу Надия *(Иордание)*



Киноактрисэ телъыджэ Шорэ Туркъан *(Тырку)*



КIыщокъуэ Алим



МэшбащIэ Исхьэкъ



Балъкъэр Фоусэт



Тхьэбысым Умар



Даур Аслъэн

# Макъамэм и дуней телъыджэм дыхэзышэ Молэ Владимир

**<u>Молэ Владимир къыщысцIыхуар 1957 гъэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъур Москва щыщагъэлъэпIаращ</u>.**



АЗЭМАНЫМ ди профессиональнэ музыкэ щэнхабзэр хуабжьу ефIакIуэу щIидзат. Ауэ адыгэ композитору хэкум исыр мащIэт. Балэ Мухьэдинрэ сэрэ ди пщэм къыдэхуат адыгэ музыкэ тхыгъэр егъэфIэкIуэныр, абы ирилэжьэну щIалэгъуалэ къыхэхауэ еджапIэм ешэлIэныр. Къуажэхэм дыкIуэурэ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэр Налшык дэт музыкэ школхэм, къызэIуахагъащIэ музыкэ училищэм щеджэну къедгъэблагъэрт. Мис а зэманым къыкъуэкIащ музыкэм и вагъуэщIэ цIыкIур - Молэ ВладимиркIэ зэджэр.

Зы пщэдджыжь гуэрым сыкъэтэджын си жагъуэу сыхэлът, си бжэм хуэму къытеуIуа макъ щызэхэсхам. КъызэхьэлъэкIыурэ бжэр Iусхмэ, бжэIупэм Iуст зы щIалэ гъур цIыкIу, пхъуантэ хуэдиз хъууэ зы портфель иныжь иIыгъыу. Абы нотэ тетрадь къыдихри къысхуишиящ, еплъыт жыхуиIэ щIыкIэу. Тетрадым итт макъамэ зыкъом, хъуни мыхъуни, тIэкIу зэхэцIэлаи. А щIалэ цIыкIум къысхуихьа нотэ тетрадым ита макъамэ IэфIхэм хуабжьу сыщыгуфIыкIат.

Асыхьэтым зэзгъэфэн шеи езгъэшхыни си унэм щIэлътэкъыми, си псалъэм кIэщI зезгъэщIри, фIыуэ къыгурызгъэIуащ сигъэлъэгъуа макъамэхэр зэрыхьэлэмэтыр икIи ар композитор хъун щхьэкIэ гугъу ехьу куэдрэ еджэн зэрыхуейр.

Абы и ужькIэ куэдрэ къэкIуащ Володя цIыкIу си деж, и макъамэщIэхэр зэхызигъэхын папщIэ. Сэри си гуапэу си нэIэ тезгъэтащ Саратов дэт консерваторэм щIэтIысхьэху. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIэсу абы итхауэ щытащ Акъсырэ Залымхъан и пьесэр зи лъабжьэ «Дахэнагъуэ» оперэр. Абы и япэ актыр еджапIэр къыщиух илъэсым (1965 гъэм) ягъэлъэгъуат. ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэр и лъабжьэу Шортэн Аскэрбий итха «Къамботрэ Лацэрэ» пьесэм къытращIыкIа оперэр зейри Молэращ. Абы-хэм къакIэлъыкIуащ «Бгыхэм я хъыбар» балетыр (либреттэр Шортэн Аскэрбий ейщ), Антокольский Александр и пьесэмкIэ итха «Люсэ цIыкIу - аслъэным ипхъу» сабий оперэр, Шортэн Аскэрбий и пьесэр зи лъабжьэ «Лъыхъу къагъэпцIахэр» опереттэр, симфоние поэмэ инхэр, уэрэд куэд. Апхуэдэуи Молэм уэрэдхэр зэрыт тхылъу плIы къыдигъэкIащ, музыкэ пьесэ куэд итхащ.

Молэ Владимир нобэ хэт, жыпIэмэ - ар Урысейм и композитор нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ къэплъытэ хъунущ. Абы хуэфащэ дыдэу къратащ «УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр.

**КЪАРДЭН Хьэсэн**,
*УФ-м и цIыхубэ артист,*
*КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща.*

# Зыми емыщхь хъэтI зиIэ Бещтокъуэ Хьэбас

**<u>УсакIуэ телъыджэ, тхакIуэ, публицист, журналист Бещтокъуэ Хьэбас Къарней и къуэр 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым щеджащ, МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетыр 1968 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. Зы зэманкIэ лэжьа нэужь, ар Москва аспирантурэм щыщIэтIысхьащ. Ар къиухри, Бещтокъуэр Налшык тхылъ тедзапIэм, къалэ библиотекэм щылэжьащ</u>.**



БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас илъэс 40-м щIигъуауэ адыгэ литературэр егъэбжьыфIэ. А зэманым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ тхылъ куэд: «Ракетодромхэр» (1969), «Розэм и чэзущ» (1973), «Адэжь щIыналъэ» (1978), «Нарт макъамэхэр» (1978), «Напэ» (1985), «ФIылъагъуныгъэ тхылъ» (1988), «Псым щхьэщыт жыг закъуэ» (1991), «Лирикэ» (1993), «Тенджыз Iуфэ гъуэгуанэ» (1998), «Дуней телъыджэ» (2003), «Бжьыхьэ дыщафэ» (2006), «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» (2012). 2011 гъэм Хьэбас и усэхэр Къуий Лидэ адыгеибзэм иригъэзагъэри, Мейкъуапэ къыщыдэкIащ. «Чъыг закъу» - аращ тхылъым фIащар. Апхуэдэуи, 2009 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Бещтокъуэм и литературэ-критикэ статьяхэр щызэхуэхьэса «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» тхылъыр. 1977 гъэм Москва дунейм къыщытехьащ «Красный всадник» усэ тхылъ цIыкIур.

Бещтокъуэр и зэфIэкI щеплъыжащ литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм: лирикэм, лиро-эпикэм, прозэм, драматургием; апхуэдэуи абы и гуащIэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщIауэ, усакIуэм зрипщытащ нэгъуэщIыбзэкIэ ятха тхыгъэхэр зэдзэкIыным икIи ари къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. ЦIыкIухэм папщIэ абы зэридзэкIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм (инджылызхэм, шотландхэм, португалхэм, хорватхэм) я таурыхъхэр («Джек насыплъыхъуэ зэрыкIуар», «Дреглин Хогни Иныжьыр», «Жьындур ишхащ», «ШейтIанымрэ зауэлIымрэ», нэгъуэщIхэри), Шекспир Уильям и «Пащтыхь Лир» тхыгъэ цIэрыIуэр.

Бещтокъуэм и Iэдакъэщ1эк1 нэхъыфIхэм ящыщщ критикэми литературэ щIэныгъэми увыпIэшхуэ щызыубыда «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр. Лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэфI хъуащ абы и драматургие тхыгъэхэр: «Имыс», «Нэсрэн ЖьакIэ» (1983 - 1986), «Кхъуафэ-жьейкIэ хым зэпрысыкIхэр» (1986 - 2004), «Истамбыл къикIа джэду» (2004 - 2005); IыхьитIу зэхэлъ «Сэроро-бот» (1992 - 1995) поэмэр.

ЗэфIэкI ин зыбгъэдэлъ Бещтокъуэ Хьэбас лъэпкъ литературэр зыгъэбейщ, ар ипэкIэ зыгъэкIуатэщ. Нэхъыщхьэращи, усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа, гупсысэ куукIэ гъэнщIа и тхыгъэхэм лъэпкъ, анэдэлъхубзэ, хэку гупсысэхэр щыпхышащ. Усэр фIыуэ зылъагъухэм ягу, я псэ дыхьэ, щIэщыгъуэ ящыхъу, зыми емыщхь хъэтIкIэ адыгэбзэ дахэр абы зэригъэшэрыуэр хэплъхьэжмэ, Бещтокъуэ Хьэбас хуэдэ усакIуэ уигъэлъыхъуэнщ!

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ**.



# ХьэIупэ ДжэбрэIил и чэщей пшыналъэр

**<u>УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор цIэрыIуэ, философ, усакIуэ, Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ, Урысейм и Композиторхэм я союзым я саугъэтхэм я лауреат, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ХьэIупэ ДжэбрэIил республикэм и щэнхабзэм, литературэм, макъамэм илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуещI</u>.**

АДЫГЭ лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакIуэ, гупсысакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил пасэрей джэгуакIуэхэм я гупсысэкIэусэкIэр, нобэрей усыгъэм и хабзэхэр зыщIишащ. ЗыпищI щымыIэ и анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ зэрищIэрщ а бзэмкIэ гупсысэ куу зыщIэлъ усэхэр ДжэбрэIил къыщIехъулIэр. И Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм дахагъэр, гурыщIэ къабзэр зэрыщыкуэдырщ ущIыдахьэхыр. Ахэр узыгъэгупсысэщ, гукъыдэж къозытщ.

ДжэбрэIил итхахэм езыр къыщеджэжкIэ усэбзэр зэрыкъулеймрэ адыгэбзэм и курыхымрэ зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. А усэхэр адыгэ поэзием и хэлъхьэныгъэфIщ.

1970 гъэм ХьэIупэ ДжэбрэIил Урысейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хыхьащ, щэнхабзэм увыпIэ ин щызыубыда макъамэ симфоние куэд итхащ, «Псыхэгъэ»-ри хыхьэу. Ахэр ди республикэм къищынэмыщIауэ, Москва, Кисловодск, Мэхъэчкъалэ, нэгъуэщI щIыпIэ зыбжанэм щыIуащ.

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ ХьэIупэ ДжэбрэIил и камернэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Самшитовый напев» («Чэщей пшыналъэ») тхылъыр. Абы ихуащ пшынэм, флейтэм, фортепианэм, скрипкэм, виолончелым, гобойм папщIэ ХьэIупэм итха макъамэхэр.

- ХьэIупэ ДжэбрэIил сыт лъэныкъуэкIи сцIыхуу си гугъэт. Ауэ езым имыщIэу къысIэрыхьа и Iэрытххэм седжа нэужь къызгурыIуащ усыгъэм и къарур зэрыиныр... Абы и усэхэр лъэпкъ гупсысэ зыщIэлъ, лъэпкъ усыгъэ фащэм ит къэхъугъэ телъыджэу зэрыщытыр. Шэч къытесхьэркъым: адыгэ усыгъэм къызэрымыкIуэу зезыгъэужьщ ДжэбрэIил и къалэмыпэм къыщIэкIыр. Абы епхауэ литературэджхэм я гугъу пщIымэ, ахэр тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэщ1э къэхъуам езыгъэгупсысын щхьэусыгъуэ ХьэIупэм и усэм хэлъщ, - жеIэ Тхьэгъэзит Зубер.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.

● ЩІэныгъэ

# Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зэрехьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс 60 ипэкІэ университет къызэрыщызэІуахар ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ адрей лъэпкъ автономиехэми щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зыщаужьынымкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэхугъуэт. А зэманым ди къэралым щекІуэкІа щІэныгъэ-техникэ революцэм къигъэува къалэнхэм ящыщт лъэпкъ экономикэр зыхуэныкъуэ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыныр. Ар фІы дыдэу къызыгурыІуэ, гъащІэм и бэуэкІэр псэкІэ зыхэзыщІэ политик Іэзэт КъБКъУ-м и япэ ректору щыта Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэр.**

БЭРБЭЧЫР Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1916 гъэм мазаем и 25-м къыщалъхуащ. Жылэм и илъэсибл школыр 1931 гъэм къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Новочеркасск къалэм дэт школым. Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакІуэ ІэщІагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 - 1940 гъэхэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Крупская Надеждэ и цІэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

1942 гъэм Бэрбэчым къиухащ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр икІи Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакІуэ къагъэкІуэжащ. А илъэсым и бадзэуэгъуэ - фокІадэ мазэхэм ар щыІащ КПСС-м и обкомым къепхауэ лажьэ парт школым тхыдэмкІэ егъэджакІуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм пІалъэкІэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и къалащхьэ Тбилиси, иужькІэ Ткварчел къалэм щыпсэуащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и мазае пщІондэ партым и Ткварчел къалэ комитетым лектору щыІащ. Ди щІыналъэр бийм къыІэщІахыжу хуит хъужа нэужь, абы къигъэзэжащ икІи КПСС-м и Налшык къалэ советым и секретару, иужькІэ партым и Прималкинскэ къалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ 1948 гъэм и гъатхэпэ пщІондэ Бэрбэч ХьэтІутІэ лэжьащ Республикэ радиокомитетым и унафэщІу. КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм Бэрбэчыр пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщІ къулыкъухэми. Ар щытащ КПСС-м и обкомым и оргинструктор къудамэм, административнэ ІэнатІэм я пашэу. 1950 - 1957 гъэхэм ХьэтІутІэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщІэдзауэ Бэрбэч ХьэтІутІэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ академием, КПСС-м и ЦК-м и нэІэм щІэту лажьэм, и илъэс курсхэм щеджащ икІи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьыныгъэмрэ» къэхутэныгъэ диссертацэр игъэхьэзыращ, ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр къыфІащащ.

1956 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщІхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпІэн зэрыхуейм теухуа тхылъ, абы ирихьэлІэу гъэзэщІапхъэу къалъытэхэр иту. А тхылъым щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуат пединститутыр къэрал университет щІыжын зэрыхуейм теухуа жэрдэмри. Нэрылъагъут экономикэмрэ жылагъуэмрэ апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Университет ди щІыналъэм къыщызэІухыпхъэу къэзылъытэ ХьэтІутІэ лІыгъэ къыкъуэкІащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриІэр куэдым къагуригъэІуэну, и мурадхэр зригъэхъулІэну. Бэрбэчым и Іуэху еплъыкІэр къыдаІыгъыу, лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щІэныгъэлІхэр, ІэщІагъэлІхэр мызэ-мытІэу тхащ щІыналъэ, къэрал унафэщІхэм я деж, Бэрбэчым къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыІэмалыншэ Іуэхур къыхагъэщу.

1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэрыщызэІуахым теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищІащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапІэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ зы укази къаІэрыхьащ республикэм и унафэщІхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору гъэувын тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэр», - жиІэу иту.



И къулыкъум щыпэрыува япэ махуэхэм къыщыщІэдзауэ ХьэтІутІэ лъэкІыныгъэу, зэфІэкІыу бгъэдэлъ псори ирихьэлІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и щІэныгъэ, техникэ лъабжьэр егъэфІэкІуэным, ар нэхъри гъэбыдэным. Абы фІыуэ къыгурыІуэрт щІэныгъэм и зыужьыныгъэм щІыналъэм къыхуихьыну ехъулІэныгъэ лъагэхэр, икІи еджапІэм занщІэу лэжьапІэ къригъэблэгъащ къэралым и математик, физик, химик, филолог цІэрыІуэхэр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Бэрбэчым игъэтІылъащ университетым и егъэджэныгъэ-щІэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ еджапІэм зыІэригъэхьэ ехъулІэныгъэхэми я лъабжьэ, къежьапІэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуа Іуэху зехьэкІэр.

КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩА университетым Бэрбэч ХьэтІутІэ нэхъыбэм зэреджэр «гъащІэм и нэхугъэ», «зыужьыныгъэм и джэлэс» псалъэхэмкІэт. ИпэжыпІэкІэ а еджапІэ нэхъыщхьэр хъуащ щІэныгъэм и нэхум ди цІыхубэр хуэзыша нэхугъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэІуахым щымыгуфыкІ зы цІыхуи исү къыщІэкІынтэкъым ди щІыналъэм. КъБКъУ-р къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ ин республикэм щекІуэкІащ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м. Ди республикэм и щІэныгъэ-творческэ интеллигенцэм, ди цІыху псоми гуфІэгъуэшхуэр даІыгъыну щІыналъэм къеблэгъат Москва, Ленинград, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм я лІыкІуэхэр, къэрал унафэщІхэр. Махуэшхуэ зэхуэсым и утыкум доклад щищІат абы и ректор Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэм.

Университетым и зэфІэувэныгъэм Бэрбэч ХьэтІутІэ хуищІа хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ. Ар езыр цІыху телъыджэт, и гупсысэкІэрэ Іуэху еплъыкІэрэ иІэжу, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищІэу. Абы гъащІэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ ІэнатІэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цІыхубэм сэбэп яхуэхъун зэрыхуейрт. А унафэщІ щыпкъэм и фІыгъэщ КъБКъУ-м зэман кІэщІым къриубыдэу хэпщІыкІыу зэрызиужьар, математикэ, физикэ, химие, филологие щІэныгъэхэмкІэ ехъулІэныгъэфІхэр зэрызыІэригъэхьар, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым щыхурагъаджэ зэрыхъуар.

Езы Бэрбэчми и щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хигъахъуэ зэпытт. 1962 гъэм ирихьэлІэу игъэхьэзыращ икІи ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкІуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэди и къалэмыпэм къыпыкІащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ щІэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщІхэри.

Бэрбэч ХьэтІутІэ хэтащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкІэ и ЩІэныгъэ советым, Кавказ Ищхъэрэм Гуманитар унэтІыныгъэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэгъэуІуным кІэ и щІэныгъэ советым. ХьэтІутІэ мызэ-мытІэу хэтащ икІи доклад купщІафІэхэр щищІащ щІыналъэпсо, къэралпсо щІэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. КъуэкІыпІэр зыджхэм я дунейпсо конгрессу 1965 гъэм Москва щекІуэкІам и делегату щытащ.

КЪЭРАЛЫМ, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щІыбагъкІэ зэфІиха Іуэхугъуэхэм папщІэ Бэрбэч ХьэтІутІэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытІэу къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ ректорым и гъащІэ купщІафІэм, лъэпкъ щІэныгъэмрэ щІыналъэ зыужьыныгъэмрэ абы хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм хуэфащэ жьантІэ увыпІэр щаубыд ди республикэм и тхыдэм. Бэрбэч ХьэтІутІэ игъуэтащ лъэпкъым къыбгъэдэкІ фІыщІэ инрэ пщІэ лъагэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр къалъытэри, КъБР-м и япэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерий и унафэкІэ университетым фІащыжащ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр. Ар еджапІэм зэрехьэ, ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу, лъагапІэщІэхэр къиищтэу. Бэрбэч ХьэтІутІэ и гъащІэр тыхь зыхуищІа а нэхугъэр куэдрэ иреблэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



**Профессор Бэчыжь Лейлэ.**
*(Черкесск)*



**Профессор Къумахуэ Мурадин.**
*(Москва)*



**Профессор Къумахуэ Мухьэдин.**
*(Москва)*



**Профессор Щхьэлахъуэ Сэтэней.**
*(США)*



**Профессор Думэнычщ Хьейри.**
*(Истамбыл)*

# Дунейпсо спортым и



Догу (ГъукIэ) Яшар



Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид



Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд



Чыржын Мухьэрбий

**Ди щIыпIэм илъэс мин Iэджэ ипэкIэ щыпсэуа нартхэр гъэ къэс Хьэрэмэ Iуащхьэ щызэхуэсырти, и щыгум жаншэрхъыр къырагъэжэхырт икIи хэти лъакъуэкIэ, хэти натIэкIэ ар абы дрихуеижырт. КъищынэмыщIауэ, бэнакIуэхэм хэтIэхэсэ зэхаублэрт, махуэ зыбжанэкIэ зэкIэлъхьэужьу шыгъажэхэр ирагъэкIуэкIырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я щIалэхэм я лIыгъэр, я зэфIэкIыр ягъэнахуэрт, гъущIым хуэдэу я Iэпкълъэпкъыр япсыхьырт. ТекIуахэр лъэпкъ лIыхъужь пэлъытэу ягъэлъапIэрт. Арауэ къыщIэкIынущ нартхэм я щIэблэ адыгэхэм лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэр ижь-ижьыж лъандэрэ къащIыдэгъуэгурыкIуэр икIи абыкIэ ехъулIэныгъэ телъыджэхэр щIаIэр. Ди лъэпкъым къыхэкIащ Олимпиадэхэм, дунейпсо, Европэ зэпеуэхэм текIуэныгъэ инхэр къыщахьу къызыхэкIахэм я пщIэр лъагэу зыIэтахэр. Нобэ я гугъу фхуэтщIынщ спортым и уафэ къащхъуэм IупщIу къыхэлыдыкIа адыгэ вагъуэхэм.**

## ДОГУ (ГъукIэ) Яшар

***(бэнэкIэ хуит, алыдж-урым бэнэкIэ)***
***Олимп джэгухэм я чемпион - 1948 (Лондон, Инджылыз)***
***Европэм и чемпион - 1946, 1949, 1951***

Илъэс минитIым щIигъуащ олимп зэпеуэхэр къызэрежьэрэ. ПIалъэ гуэрым ар зэпагъэуауэ щытами, тхыдэм къыхэтэджыкIыжащ икIи дунейм къытехъуа зэхьэзэхуэ нэхъ удэзыхьэххэм я деж жьантIэр щиIыгъщ. ДиIащ, диIэщ икIи диIэнущ абы адыгэ лъэпкъыр щызыIэта щIалэ ахъырзэманхэр. Апхуэдэхэм я лъагъуэхэш хъуащ Тыркум щыпсэуа ди лъэпкъэгъу Догу (ГъукIэ) Яшар.

1948 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон щекIуэкIа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм, зэи къэмыхъуауэ, чемпион щыхъуащ адыгэ щIалэ. Ар Тыркум хыхьэ Къарэ-Эмир къуажэм къыщалъхуа Догу (ГъукIэ) Яшарщ. БэнэкIэ хуитымкIэ зыхэта зэхьэзэхуэм абы и хьэрхуэрэгъу псори щыхигъэщIащ икIи хуэфащэ дыдэу дыщэ медалыр къихьащ. Догу Яшар алыдж-урым бэнэкIэмкIи бэнэкIэ хуитымкIи Тыркуми (1938-1954 гъэхэм), Балкан Джэгухэми (1940, 1942), Европэми (1946, 1949, 1951) текIуэныгъэхэр къыщихьащ. И ехъулIэныгъэхэм папщIэ «Бэнэным и тхьэ» абы къыфIащащ. ИужькIэ Тыркум и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ, чемпионхэр игъасэу.

## КЪАПЛЪЭН (УЩХЪУЭ) Хьэмид

***(бэнэкIэ хуит)***
***Олимп джэгухэм я чемпион - 1956 (Мельбурн, Австралие)***
***дуней псом и чемпион - 1957***

XVI Олимпиадэр 1956 гъэм щэкIуэгъуэм и 22 - дыгъэгъазэм и 8-хэм Австралием и Мельбурн къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ къэрал 68-м я спортсмен мини 3-м щIигъу. БэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэхэм аргуэру ди лъэпкъэгъу щIалэ щаIэтащ. Ар Тыркум щыIэ Хьэмэмозу адыгэ къуажэм къыщалъхуа, а къэралым пщIэнейрэ и чемпион хъуа Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмидщ. КъыкIэлъыкIуэу Римрэ Токиорэ щыIа Олимп джэгухэми абы дыжьын, жэз медалхэр къыщихьащ. 1957 гъэм Тыркум щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым абазэхэ щIалэ Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым.

## АТАЛАЙ (НАГЪУЭ) Мэхьмуд

***(бэнэкIэ хуит)***
***Олимп чемпион - 1968 (Мехикэ, Мексикэ)***
***дуней псом и чемпион - 1966***

1968 гъэм жэпуэгъуэм и 12 - 27-хэм Мексикэм и Мехикэ къалэм щекIуэкIащ XIX Олимпиадэр. Абы хэтащ къэрали 112-м я спортсмен мини 5,5-м щIигъу. Тыркум щыпсэу адыгэхэм я ещанэ текIуэныгъэр Олимп джэгухэм щызыIэригъэхьащ Аталай (Нагъуэ) Мыхьмуд. ИлъэсиплI и пэкIэ Токио щыIа зэхьэзэхуэм абы къыщихьыфар еплIанэ увыпIэрати, къыкIэлъыкIуэм ар дыщэкIэ ихъуэжащ.

*ДИ ЖАГЪУЭ ЗЭРЫХЪУЩИ, зи гугъу тщIа бэнакIуэ телъыджэхэр тхыдэм зэрыхыхьар тырку чемпионхэущ, Урыс-Кавказ зауэжьым и ужькIэ къыщыхута къэралыгъуэм зыщыщ адыгэ лъэпкъыр щрагъэбзыщIурэ зэман кIыхькIэ къызэрекIуэкIам къыхэкIыу.*

*Илъэс 45-рэ хъууэ аращ адыгэр зэрыадыгэу Олимп утыку къызэрихьэрэ. Тхыдэм и дежкIэ а зэман кIэщIым ди лъэпкъым ехъулIэныгъэ инхэр къыхудэкIуащ - дэ диIэ хъуащ Олимп чемпиону 7, дуней псом, Европэм щытекIуауэ пщIы бжыгъэхэр! Ахэр псори ди дежкIэ лъапIэщ.*

## ЧЫРЖЫН Мухьэрбий

***(атлетикэ хьэлъэ),***
***Олимп чемпион - 1972 (Мюнхен, Германие)***
***дуней псом и чемпион - 1972, 1973***
***Европэм и чемпион - 1973, 1974***

Чыржын Мухьэрбий Адыгейм щыщ и Куэшхьэблэ къэбэрдей къуажэм къыщалъхуащ. 1972 - 1974 гъэхэм дунейпсо рекорду 4 игъэуващ (абыхэм ящыщу троеборьемкIэ - килограмм 460-рэ, двоеборьемкIэ - килограмм 312,5-рэ), СССР-м рекорди 8 къыщехъулIащ.

Гуимыхужщ Совет Союзым щыпсэу адыгэхэм ящыщу япэу 1972 гъэм Олимп чемпион зэрыхъуар. Абы къыпэщIэтт тIэунейрэ Олимпиадэхэм щытекIуа Башановскэр, дунейпсо рекорд зыбжанэ зыгъэува Качмарек, нэгъуэщI штангист цIэрыIуэ куэд. АрщхьэкIэ Мухьэрбий зыми къыпикIуэтыну зигъэхьэзырыртэкъым. ИкIи дунейм зэи къыщымыхъуауэ килограмми 177,5-рэ къиIэтри, дыщэр зыIэригъэхьащ!

Мюнхен щытекIуа иужькIэ Чыржыным дуней псоми Европэми ехъулIэныгъэ инхэр щиIащ.

## ШЫХЪУЭ Борис

***(лъакъуэрыгъажэ спорт)***
***Олимп чемпион - 1972 (Мюнхен, Германие)***
***дуней псом и чемпион - 1970***

БлэкIа лIэщIыгъуэм и блыщI гъэхэм абы и цIэм иримыгушхуэ адыгэ къэгъуэтыгъуейт - арат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу Олимп чемпион хъуар. Абы ипэжкIэ къэралпсо, дунейпсо лъагапIэхэри мызэ-мытIэу къищтат.

Зэманыр макIуэ, ауэ цIыхухэм ящыгъупщэркъым нэхъапэм дэрэжэгъуэ къезыта, лъэпкъымрэ Хэкумрэ я пщIэр зыIэтахэр. Шэч хэлъкъым апхуэдэхэм зэращыщыр СССР-м тхуэнейрэ и чемпион (1968, 1971, 1972 гъэхэм гуп зэпеуэм, 1968 гъэм щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэм, 1972 гъэм махуэ куэдкIэ екIуэкIа зэдэжэм), дунейпсо чемпион (1970 гъэ), Олимп чемпион (1972 гъэ) Шыхъуэ Борис.

1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Олимпиадэм ди лъахэгъу щIалэм Комнатов Геннадий, Лихачёв Валерий, Ярдэ Валерий сымэ дэщIыгъуу километрищэ гъуэгуанэр псом япэу къызэпичащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Ар хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэт къызыхэкIа лъэпкъми къэралми я дежкIэ.

## АХЭМЫН Еленэ

***(волейбол) Олимп чемпион - 1980 (Мэзкуу, Совет Союз)***
***Европэм и чемпион - 1979***

Ахэмын Еленэ Екатеринбург и «Уралочка» цIыхубз волейбол командэ цIэрыIуэм щыджэгуащ. Абы хэту тхуэнейрэ СССР-м и чемпион хъуащ, Европэм и чемпионхэм я кубокыр тIэунейрэ зыIэригъэхьащ. Совет Союзым и командэ къыхэхам илъэс зыбжанэкIэ ираджащ. 1980 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа Олимпиадэм щытекIуэри, дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ.

Одессэ и «Черноморец» футбол командэм щыджэгу Соколовский Игорь дэкIуэри, 1981 гъэм Украинэм Iэпхъуащ икIи «МедИн»-м илъэсиблкIэ хэтащ. ИужькIэ Польшэм, нэгъуэщI къэралхэм я командэхэм ехъулIэныгъэхэр иIэу щыджэгуащ. XX лIэщIыгъуэм къриубыдэу Одессэ и волейболисткэ нэхъыфI дыдэу къалъытащ, а къалэм физкультурэмрэ спортымкIэ и управленэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ.

## КЪАРДЭН Мурат

***(алыдж-урым бэнэкIэ)***
***Олимп чемпион - 2000 (Сидней, Австралие)***
***Дунейпсо кубокыр къихьащ - 1992, 1995, 1997***
***Европэм и чемпион - 1998***

Ди адэжьхэм пщIэ лей зыхуащIурэ къэгъуэгурыкIуа бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ 2000 гъэм Австралием и Сидней къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм пашэныгъэр щызыубыда Къардэн Мурат щытхъу хэха хуэфащэщ.

1971 гъэм ар Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Физическэ щэнхабзэмкIэ Краснодар дэт къэрал институтыр къиухащ. Тренер цIэрыIуэ Къалмыкъ Юрэ и деж алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зыгъэсэн щыщIидзащ. Дунейпсо кубокым щэнейрэ (1992, 1995, 1997 гъэхэм) щытекIуащ, Европэм и чемпионщ (1998 гъэ). АрщхьэкIэ и лъагапIэ нэхъыщхьэр XXVII Гъэмахуэ Олимпиадэм (2000 гъэ) дыщэ медалыр къызэрыщихьаращ.

Мурат Сидней зэрыкIуэнур щызэхэкIар Олимп Джэгухэм щIадзэным махуитху иIэжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 76-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щынэхъыфIу къалъытэ Мишиныр хигъащIа иужькIэщ, Австралием кIуэ гъуэгур абы къыщыхузэIуахар.



Шыхъуэ Борис



Ахэмын Еленэ



Къардэн Мурат




Хъущт Аслъэнбэч

# адыгэ вагъуэхэр

Игъащlэ лъандэрэ Олимпиадэм хэтыну зи хъуэпсапlэ адыгэ щlалэм къыхукъуэкlа lэ-малыр нэсу къигъэсэбэпащ. Сидней и алэ-рыбгъухэм къыщыпэщlэувэа и хьэрхуэрэгъу псо-ри абы хигъэщlащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт кlэух зэlущlэр. Абы къыщыпэщlэтащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикlа бэнакlуэ лъэщ дыдэ Линдлэнд Мэтт. Ар 3:0-у хигъащlэри, ди лъахэ-гъур Олимп чемпион хъуащ.

Спортым хэкlыжа иужькlэ Къардэн Мурат илъэс зыбжанэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, иужькlэ - lэтащхьэм, я чэн-джэщэгъуу щытащ. Итlанэ КъБР-м и Парла-ментым Физкультурэмрэ спортымкlэ и ко-митетым и lэтащхьэу, спортымкlэ министру лэжьащ, иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэщ, пе-дагогикэ щlэныгъэхэм я кандидатщ.

## ХЪУЩТ Аслъэнбэч

***(алыдж-урым бэнэкlэ)***
***Олимп чемпион – 2008 (Пекин, Китай)***
***Европэм и чемпион - 2008, 2009, 2010***
***Дунейпсо кубокыр къихьащ - 2008***

2008 гъэр хуабжьу хуэугъурлащ Джыла-хьстэнейм хыхьэ Белоглинкэ къуажэм къыща-лъхуа Хъущт Аслъэнбэч. А илъэсым ар хъуащ Европэм, Олимп джэгухэм я чемпион, Дуней-псо кубокыр зыlэригъэхьащ. Псом хуэмыдэу гъуэзэджэт Пекин щызэхэта Олимпиадэм щиlа ехъулlэныгъэр. Аслъэнбэч Китайм щри-гъэкlуэкlа зэlущlитхуми щытекlуащ и хьэр-хуэрэгъухэм зы очкои яримыту.

Хъущтым алыдж-урым бэнэкlэм профессио-нальнэу зыхуигъэсэн щыщlидзар гуваущ - и ныбжьыр илъэс 20-м щlигъуауэщ. Абы и пэкlэ, и ныбжь щlалэ цlыкlухэм хуэдэу, къыщы-хъуа къуажэм лъэпкъ бгырыпх бэнэкlэмкlэ щылажьэ секцэм зыщигъэсащ. Адэкlэ ерыщу щыпищащ еджапlэ зыщlэтlысхьа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием.

Пекин и дыщэ медалыр Аслъэнбэч къы-хуихьащ езым фlэкlа зыми къыхуэмыгъэсэбэп бэнэкlэ lэмал гъуэзэджэм - «бгырыпх зэдзэкlа» зыфlащам. Мы спорт лlэужьыгъуэм хэтхэр щыгъуазэщ ар зэбгъэхьулlэну хуабжьу зэры-гугъур. Къызэрымыкlуэ къарумрэ lэзагъым-рэ къищынэмыщlауэ, абы папщlэ егъэлея-уэ псынщlагъэ пхэлъын хуейщ: къыпщхьэщыс хьэрхуэрэгъум напlэзыпlэм укъыlэщlокl, зэщlы-боубыдэ, алэрыбгъум къытыбочри, уи щхьэм-кlэ щхьэпрыбодз. Апхуэдэ lэмалым Аслъэнбэч хуабжьу дэзыхьэх бгырыпх лъэпкъ бэнэкlэм куэдрэ ущрохьэлlэ.

Хъущтым и «бгырыпх зэдзэкlам» дуней псом и спортсмен цlэрыlуэ куэд ихьащ. Иужьрейхэм ящыщщ Олимпиадэм и финалым щыхигъэщlа нэмыцэ абрагъуэ Энглих Мирко.

Иджыпсту Хъущтыр КъБР-м спортымкlэ и министрщ икlи къалэн инхэр щалъхуа респуб-ликэм щызэфlегъэкl.

## МУДРЭН Беслъэн

***(дзюдо) Олимп чемпион - 2016***
***(Рио-де-Жанейрэ, Бразилие)***
***Европэм и чемпион - 2012, 2014, 2015***

Хуабжьу дызэрыщlэхъуэпсауэ, гуфlэ-гъуэшхуэкlэ щlидзащ Рио-де-Жанейрэ нэгъабэ щекlуэкlа XXXI Гэмахуэ Олимп джэгухэм. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ ме-далыр къыщыхуихьащ Бахъсэн къалэм щыщ адыгэ щlалэ Мудрэн Беслъэн - килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм дзюдомкlэ я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ!

Самбэращ Мудрэн Беслъэн спортым зэ-рыхыхьар. 2007 гъэм ар Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ икlи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Абыхэм къыхэкlыу «Ду-нейпсо классымкlэ спортым и мастер» цlэ лъапlэр къыфlащащ. Арщхьэкlэ иужькlэ дзю-дор къыхихыжащ - щlэхъуэпсырт Олимп зэпе-уэхэм хэтыну.

Бэнэкlэ лlэужьыгъуэщlэр Беслъэн псынщlэу къигъэlурыщlащ икlи къыкlэлъыкlуэ илъэсхэм абыкlи къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. Адэкlэ Европэм и чемпион (2012, 2014), дуней-псо зэхьэзэхуэм етlуанэ (2014) щыхъуащ, Ев-ропей джэгухэм (2015) дыщэ медалыр къы-щихьащ. Абыхэм къапэкlуащ «Урысей Фе-дерацэм дзюдомкlэ щlыхь зиlэ и мастер» цlэр. Адэкlэ Олимп лъагапlэм хуэкlуэ гъуэгур къызэlухат.

## ХЬЭСАНЭ Мурат

***(самбэ) Дуней псом и чемпион -***
***1994, 1995, 1998-2006***
***Европэм и чемпион - 1993-1996, 1998***

Адыгейм и Куэшхьэблэ щlыналъэм къы-щалъхуа Хьэсанэ Мурат самбэмкlэ зыlэри-гъэхьа ехъулlэныгъэхэм хуэдиз зиlа Щlы хъу-рейм щыгъуэтыгъуейщ: дуней псом 11-рэ и чемпион хъуащ, Дунейпсо кубокыр 8 къихьащ, Европэм 5 щытекlуащ, 19-рэ къэралым дыщэр щызыlэригъэхьащ. Илъэс пщыкlутхум щlигъу-кlэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и капитану щытащ. 1993 - 2006 гъэхэм абы сам-бэмкlэ къэралми дунейми къыщыпэлъэщын щыlакъым.

Спортым хэкlыжа иужькlэ къэрал, жыла-гъуэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкlуэкlащ. Адыгэ Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спор-тымкlэ и комитетым и унафэщlу щытащ, Уры-сей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутату хэтщ.

## МАХУЭ Билал

***(бэнэкlэ хуит) дуней псом и чемпион -***
***2007, 2009, 2010***
***Европэм и чемпион - 2010***

Инджылызми (2012) Бразилиеми (2016) щызэхэта Олимп джэгухэм Махуэ Билал щы-lащ. Бэнэкlэ хуитымкlэ абы къыпэлъэщын ду-ней псом зэрыщымытыр наlуэт. Арщхьэкlэ спор-тым езым и хабзэ пыухыкlа иlэжщ - утыкум ущит дакъикъэхэм уи зэфlэкl псори къызы-къуэпхыу уи хьэрхуэрэгъур хьумыгъэщlэфмэ, абы и пэкlэ уиlа ехъулlэныгъэ псоми мыхьэнэ яlэкъым.

2008 гъэм Пекин щекlуэкlа Олимп джэгу-хэм хэтыну Махуэ Билал хуэзэфlэкlакъым. И щхьэусыгъуэр псоми ящlэж - абы и пэ къи-хуэ зэхьэзэхуэм Красноярск щыхэту щхьэх къызэрырахьэлlарщ. И узыншагъэр зэфlэувэ-жа иужькlэ дунейпсо, Европэ, къэрал чемпио-натхэм щытекlуат, иджы Лондон Олимпиадэм ерыщу зыхуигъэхьэзырат. Псоми жаlэрт Би-лал дыщэр и lэрылъхьэу. Арщхьэкlэ фина-лым и lыхьэ ныкъуэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэ-хъуа куржы Модзманашвили Давит къыхигъа-щlэри, Олимп лъагапlэм зэрыхуэкlуэ гъуэгум къытригъэкlуэтащ. Адэкlэ къэнэжыр жэз ме-далым щlэбэныныртии, Билал ещанэ увыпlэр къихьащ.

Нэхъ гущlыхьэжт нэгъабэ Рио-де-Жаней-рэ къыщыхъуар. Зэман кlыхьым ерыщу Олим-пиадэм зыхуэзыгъэхьэзыра Махуэ Билал япэ дыдэ зэlущlэм къыщыхагъэщlащ.

Олимп джэгухэм къыщыщыщlа щlэщхъу псоми къэрагъэкlуэтакъым адыгэ пелуаныр. Махуэм и къару псори ирехьэлlэ къыкlэлъыкlуэ Олимп джэгухэм хуэфэщэну зэрыхэтыным. Абы и мурад быдэщ Олимп чемпион мыхъуауэ спортым хэмыкlыжыну икlи щэнейрэ дуней псом зэрыщытекlуар, зы дакъикъи емыгупсы-су, а lэхугъуэм пигъэувынт.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**



Мудрэн Беслъэн





Хьэсанэ Мурат



Махуэ Билал

**● СтIолъыщхьэ теннис**



Я кум дэтыр Батыр ФатIимэщ.

# Тхыдэм зи цIэр хэзытха Батыр ФатIимэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым стIолъыщхьэ теннисым япэу зыхуэгъэсэн щыщIэзыдзахэм ящыщщ зыбжанэрэ Урысеймрэ Европэмрэ я чемпион хъуа Батыр ФатIимэ.**

Налшык дэт курыт еджапlэ №5-м 1966 гъэм къыщызэ-lуахащ стlолъыщхьэ теннисымкlэ секцэ. Абы и хьыбарыр зэхэзыха илъэс 12 фlэкlа мыхъу Батыр Фатlимэ зыхуигъэ-защ япэ теннисист гупыр зыгъэсэну зэхуэзышэс, Урысейм щlыхь зиlэ и тренер Малиевский Арнольд.

Батырым и гъусэу а зэманым зыгъэсэн щlадзащ Сар-кисьянц Аллэ, Нало Даут, Ченцов Виктор, Дзыгъуанэ Жан-нэ, Ахметчинэ Ирэ, Кърдей Сергей, Конаковэ Ленэ, Гераси-мовэ Татьянэ, Моржеринэ Оля сымэ.

Спорт лlэужьыгъуэщlэм зыхуэзыгъэсэну иужь ихьа ныб-жьыщlэхэр махуэм щэнейрэ зэхуэсырт. «Секцэм къекlуа-лlэхэм уахэплъэмэ, Фатlимэ и джэгукlэмрэ и ерыщагъымрэ гу лъумытэу къанэртэкъым. Махуэ псом зыгъэпсэхугъуэ имыlэу абы зыхуигъасэрт апхуэдизу зытхьэкъуа стlолъыщхьэ теннисым», - жеlэж абы и тренеру щыта Малиевский Ар-нольд.

И къэру емыблэжу илъэситlкlэ теннисым зыхуагъэса нэужь Батырым ехъулlэныгъэхэр зыlэригъэхьэу щlидзащ. Абы и джэгукlэ къызэрымыкlуэм гу къылъатащ икlи къэра-лым и гуп нэхъыщхьэм и сборхэм ирагъэблэгъащ.

Гугъэшхуэхэр уззыгъэщl Фатlимэ и lэзагъым хигъахъуэ зэпытурэ иджыри илъэс зыбжанэ дэкlащ. Стlолъыщхьэ тен-нисыр ди республикэм къыщыунэху къудейт, абы хуэщlа lуэхущlапlэ щхьэхуи дэттэкъым. Апхуэдэу щытми, Крас-нодар, Ставрополь крайхэм, Ростов областым а спорт лlэужьыгъуэмкlэ ехъулlэныгъэфlхэр къыщызыгъэлъагъуэ я командэхэм ялъэщlыхьэжу ефlэкlыныр Малиевскэм и му-радыт. Икlи Батырым и фlыгъэкlэ ар абы зригъэхъулlащ. СССР-м и профсоюз командэхэм я чемпионатым, 1978 гъэм Вильнюс щекlуэкlам, Батыр Фатlимэ зи пашэ ди ко-мандэм текlуэныгъэр къыщихьащ.

А зэманым ирихьэлlэу Налшык и Сабий стадионым ща-щlат стlолъыщхьэ теннисым хухаха секцэр. Батыр Фатlимэ абы щыгъуэм Совет Союзым зыбжанэрэ, Европэ зэхьэзэ-хуэхэм тlэунейрэ я пашэ щыхъуат.

«lэмал сиlауэ щытамэ, теннис секцэм Батыр Фатlимэ и цlэр фlэсщынт, - жеlэ Малиевскэм. Фатlимэ гугъэфlхэр зэрызигъэщlыр къыхэзгъэщурэщ стlолъыщхьэ теннисымкlэ пэшыр ухуэным республикэм и унафэщlхэр арэзы зэры-тезгъэхуар, абы и цlэр жысlэурэщ лэжьакlуэхэр, техни-кэр, ехьэлlапхъэхэр, школым и лэжьакlуэхэр къызэрызэ-щlэзгъэуlуар, центрым и мылъку lуэхухэр зэрызэтезгъэу-вар».

Малиевскэмрэ Батыр Фатlимэрэ я фlыгъэкlэ яхуа, Олимп резервым и школым къыщlэкlащ Тыркум щекlуэкlа Европэ зэхьэзэхуэ зэlухам и абсолютнэ чемпион хъуа Герасимовэ Татьянэ, СССР-м и чемпионату Баку щекlуэкlам щытекlуа Конаковэ Еленэ, Европэм и чемпионхэу Къущхьэхэ Му-лидрэ Медикрэ. Зэфlэкl лъагэхэр къигъэлъагъуэу школым зыщызыгъэсахэм яхэтащ МВД-м и полковник, Урысейм и Лlыхъужь Кlарэ Анатолий.

СССР-м и командэ къыхэхам и тренер Старожилец Ар-кадий куэдрэ игу къигъэкlыжырт Бельгием хыхьэ Остен-де къалэм щекlуэкlа Европэ чемпионатым и финалым Батырыр зэрыщыджэгуауэ щытар: «Апхуэдизкlэ джэгукlэ жыджэр Фатlимэ къигъэлъагъуэрти, къебгъэгъэзэну lэ-мал зимыlэу къыпфlэщl топхэр къызэтригъэувыlэм и мы-закъуэу, къыкlэлъыкlуэу контратакэ лъэщхэри къызэри-гъэпэщырт. Ди хьыджэбзым и текlуэныгъэр зыlэригъэхьа нэужькlэ, сэ къызбгъэдыхьащ Чехием я теннисист цlэрыlуэ Воштовэ Илонэ и тренерыр икlи къызэупщlащ тхьэlухудыр зыщыщымкlэ. Ар Налшык къызэрикlар, а щlыпlэр зыхуэзэр къыгурызгъэlуащ икlи абы жиlауэ щытащ: «Батырым и джэ-гукlэм ди спортсменхэр щыхуэкlуэнур илъэс куэд дэкlмэщ».

БАТЫР Фатlимэ зэрыхэкупсэмрэ республикэм, тренерым, унагъуэм яхуиlэ лъагъуныгъэмрэ псоми гухэхъуэ ящы-хъурт. Къыщыхъуа щыlэщ Батырыр нэгъуэщl къалэм ира-гъэблагъэу, тренерыфlхэр, фэтэрыр къратыну къыщы-хуагъэлъагъуэ. Ауэ ар абыхэм дихьэхакъым.

Куэдым lэмал къахуихуэркъым я цlэр тхыдэм фlыкlэ къы-ханэну. Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я спортым къыщыхэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфэщэн увыпlэ лъагэ щиубыдащ Батыр Фатlимэ. Иджыпсту ар стlолъыщхьэ теннисымкlэ республикэ СДЮСШ-м и унафэщlым и къуэ-дзэщ. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я чемпион зыбжанэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Егъэджэныгъэ



«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр Лэскэн ЕтIуанэм щокIуэкI. *2002 гъэ*

# Хур Мадинэ и гъащIэ гъусэ пэж

**Илъэс 20-м нэсауэ ди щIыналъэм щокIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр. Ар 1999 гъэм къыхилъхьауэ щытащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэгъэпса а проектыр жыджэру къыдаIыгъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи а Iуэхухэм хуэлажьэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэр наIуэ къэщIауэ гъэпэжэныр, еджакIуэ зэчиифIэхэр гъэгушхуэныр зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.**



ЩIЫНАЛЪЭ зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэхэм я зэфIэкI щагъэлъагъуэ Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я урысейпсо зэпеуэм. Илъэси 10 хъуауэ екIуэкI а къэралпсо зэхьэзэхуэм зы гъэ къэмынэу хэтщ ди республикэм щыщ егъэджакIуэхэр, зэпеуэм и щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр, уеблэмэ абы и саугъэт нэхъыщхьэр - «Дыщэ къабзийр» - къытхуэзыхьари яхэту. Адыгэбзэ езыгъэджхэм ящыщу а саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ Налшык дэт гимназие №13-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Хур Мадинэ. Зи IэнатIэм игури и псэри хэзылъхьэ бзылъхугъэ цIыкIум и цIэр ипэкIи фIыкIэ къэIуащ. Ар мызэ-мытIэу пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым и щыхьэту къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Мадинэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ, абы дэт курыт школри ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм зэрысабийрэ щIэхъуэпсырт ар, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ яхуэлэжьэныр и гуращэт. Езым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ хэкупсэ гъэсэныгъэм и къежьапIэр и адэшхуэанэшхуэхэу Быцрэ Гуащэгъагърэщ. Абыхэм хъыджэбз цIыкIур куэдрэ щIагъэдэIуу щытащ адыгэ IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэм. Лъэпкъ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэхъыжьхэм яубла Iуэху дахэм пащащ Мадинэ и адэ-анэ ХьэзрэIилрэ ФатIимэрэ. Абыхэм быныр драгъэхьэхащ лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм. Апхуэдэ унагъуэм щапIа сабийм и псэм Хэку лъагъуныгъэ къыщцымыушыныр Iэмал зимыIэт.

А гупсысэхэр и гъуэгугъэлъагъуэу, школ нэужьым Хурыр щIэтIысхьащ Налшык дэт педколледжым. Бзылъхугъэ зэчиифIэм ар фIы дыдэу къиухащ икIи егъэджэкIуэным и япэ лъэбакъуэхэр щичащ илъэс тIощIым нэсауэ зыщылажьэ курыт школ №13-м. Мадинэ япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ къыгурыIуащ сабийм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ фIыуэ ебгъэлъагъун, дебгъэхьэхын папщIэ, егъэджакIуэхэми абыхэмкIэ зэфIэкI яIэн зэрыхуейр. Бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ, Мадинэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, зэуэ щIэтIысхьащ еджапIэ нэхъыщхьэу тIум: КъБКъУ-м и филологие къудамэмрэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтымрэ икIи, и чэзур къэсри, ахэри ехъулIэныгъэкIэ къиухащ.

Апхуэдэ щIэныгъэфIхэр зыбгъэдэлъ Хурым купщIафIэу икIи хьэлэмэту зыкъыщигъэлъэгъуащ Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я урысейпсо зэпеуэм и утыкум.

- Москва щыста «мастер-класс» дерсыр теухуат ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщ цIыхухэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэ екIур къызэрызгъэлъэгъуэным, - игу къегъэкIыж Мадинэ. - Сэри си еджакIуэ цIыкIухэри жыджэру дытепсэлъыхьащ ди лъахэм и дахагъым, ди къалащхьэм и уардагъэм, унэ етIуанэ тхуэхъу ди школым щекIуэкI лэжьыгъэ екIум.

УФ-м и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм ящыщу егъэджакIуэ 35-рэ зыхэта «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» презентацэми адрейхэм къащыхэщащ ди егъэджакIуэр. Дакъикъэ зыбжанэм къриубыдэу Мадинэ хузэфIэкIащ ди республикэми, абы и къалащхьэ Налшыки, щылажьэ курыт школми, и IэщIагъэми ятеухуа хъыбар хьэлэмэт, видеогъэлъэгъуэныгъэ хэтрэ адыгэ къафэри щIыгъужу, къызэхуэсахэми къэпщытакIуэ гупми я пащхьэ ирилъхьэн.

- Зи лъэпкъыр фIыуэ зымылъагъужым адрейхэм ейри хуэлъагъунукъым. Щхьэж къызыхэкIа лъэпкъыр, абы и щэнхабзэр ипэкIэ игъэкIуатэмэ, и блэкIар ищIэмэ, абы и къэкIуэнуми Iэмал имыIэу егупсысынущ, - жеIэ Мадинэ. - Адыгэхэм ди махуэмкIэ сохъуэхъу ди лъэпкъэгъу псоми. Нэхъыжьхэм къытхуагъэна лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр: ди анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, нэмысыр - ипэкIэ зыгъэкIуэтэфын щIэблэ къызыщIэхъуэн Тхьэм дищI.

Зи IэщIагъэр гъащIэ гъусэ пэж зыхуэхъуа адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм и псалъэхэр нахуапIэ хъуну ди гуапэщ. Анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным апхуэдэу псэ зэIухакIэ хуэлажьэ егъэджакIуэхэр дызэриIэм гугъэ уегъэщI ди лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь, дахэ иджыри къыпэщылъу. Мадинэ и «Дыжьын къабзийри» абы и нэщэнэхэм ящыщ зыщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**
*Налшык къалэ*

# ЩIэм и лъыхъуакIуэ Мэшыкъуэ Iэсият

**Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школым тэрэзу щезыгъэдж IэщIагъэлIхэр и мащIэкъым Дзэлыкъуэ районым. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI зэпеуэм жыджэру хэтщ икIи текIуэныгъэ къыщахь а щIыналъэм и егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэм. Абыхэм ящыщщ Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м лъэпкъыбзэр илъэс куэд щIауэ сабийхэм щезыгъэдж, гъэсакIуэ, унэтIакIуэ Мэшыкъуэ (Бекъул) Iэсият. Жылэм къыщыхъуа щIэблэ зыбжанэм ягу къинащ а егъэджакIуэ Iэзэм и Iуэху зехьэкIэр, цIыху хэтыкIэр. Аращ абы жылагъуэм пщIэрэ нэмысрэноби щIыщигъуэтыр.**



ЕГЪЭДЖАКIУЭ IэщIагъэм ирилэжьэн зэрыщIидзэрэ куэд щIащ Мэшыкъуэм, итIани, абы зэи къыIэщIэужагъуэркъым зыпэрыт IэнатIэр. Iэсият иригъэдж предметым кууэ хищIыкI къудейкъым, атIэ и лэжьыгъэр зэриригъэфIэкIуэным, егъэджэныгъэм къыхыхьэ мардэщIэхэр абы шэщIауэ къызэрыщигъэсэбэпыным дапщэщи хущIокъу. Зэманым декIуу улэжьэн, лъэхъэнэм хуэкIуэ щIэблэ бгъэсэн папщIэ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр дэтхэнэ зы егъэджакIуэми хэлъын зэрыхуейр фIыуэ къыгуроIуэ а цIыху пэрытым. Мэшыкъуэм хэлъ IэкIуэлъакIуагъэм, лэжьыгъэм хуиIэ жэуаплыныгъэм гу лъамытэу къанэркъым. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэр утыкушхуэхэм йохьэ, IэщIагъэм хыхьагъащIэхэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ ядэгуашэу, и зэфIэкIхэр игъэлъагъуэу. Iэсияти и гъэсэнхэри дапщэщи жыджэру хэтщ икIи текIуэныгъэфIхэр къыщахь адыгэбзэмкIэ екIуэкI районпсо, республикэпсо зэпеуэхэм. Лъэпкъыбзэр щIэблэм егъэджынымкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ «ЕгъэджакIуэ-методист» цIэр 1990 гъэм къызыхуагъэфэща лэжьакIуэ пашэм и Iуэху еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ жылагъуэм деж нахьэсын мурадкIэ, куэдрэ къыщагъэпсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом, телевиденэм.

1998 гъэм Мэшыкъуэм къыхуагъэфэщащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм япэу хыхьахэм, и лауреат хъуахэм. ПщIэ къыхуащIу, зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым илъэс зыбжанэкIэ хэтащ Iэсият. 2008 гъэм ар хэтащ Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я ЕтIуанэ урысейпсо зэпеуэм икIи «ЕгъэджакIуэ-къэхутакIуэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ. Абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр, зэпеуэм зэрыхэтам, и зы унэтIыныгъэм зэрыщытекIуам папщIэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкI дипломыр.

- Дызыхэта зэпеуэми абы къыкIэлъыкIуэу екIуэкIа щIэныгъэ конференцми къагъэлъагъуэр зыт: Урысейм и къарур, лъэщагъыр, беягъыр, дахагъыр абы щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я бзэм, щэнхабзэм зэрелъытарт, - лъэпкъ мащIэхэм я бзэр хъума хъуным игъуэт къэрал гулъытэм и мыхьэнэм тепсэлъыхьу жеIэ Мэшыкъуэм. - Ноби зыпащэ апхуэдэ зэIущIэшхуэхэм наIуэ къащI УФ-м и Президентми, Къэрал Думэми, Правительствэми лъэпкъ мащIэхэм, абыхэм я анэдэлъхубзэхэм пщIэ зэрыхуащIыр. А зэпеуэхэм ди къэралым анэдэлъхубзэр щезыгъэдж егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэм и закъуэкъым, атIэ ахэр мэхъу бзэ зэхуэмыдэ зыIурылъ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм я джэлэс.

ЕгъэджакIуэ гумызагъэм, щIэм и лъыхъуакIуэм, IуэхуфIхэм я жэрдэмщIакIуэм дохъуэхъу узыншагъэ иIэу, ехъулIэныгъэхэр и бэу щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ етыным иджыри куэдрэ хуэлэжьэну.

**ТАМБИЙ Линэ.**
*Дзэлыкъуэ щIыналъэ*

**АДЫГЭ щIалэхэр щIэныгъэщIэкъухэщ, еджэнкIи гурыхуэхэщ. Константинополь гъэру щаща щIалэ цIыкIухэр еджэн IуэхукIэ жыжьэ носыф. Тырку сабийм зыгуэр щызригъащIэкIэ зэману тригъэкIуадэм и ныкъуэм адыгэм ардыдэр зригъэщIэфынущ.**

*ЛАПИНСКИЙ Теофил.*
*1857 гъэ*



Маршал Тхъугъэ Фуlэд-пэщэ *(Тырку)*



Адмирал Ушаков Фёдор *(Урысей)*



Генералиссимус Черкасский Михаил *(Урысей)*



Генерал-полковник Шурдым Тlэхьсин *(Иордание)*



Генерал-майор Хьэгъундокъуэ Едыдж *(Урысей)*

# Къатхъэн Назир и къуэ Мухьэмэд

**И щIалэгъуэр зауэм ирихьэлIэу нэщIэбжьэ куэд илъэгъуами, гъащIэ хьэлэмэт къигъэщIащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Ленинград артиллерие академием и кафедрэм и унафэщIу щыта, генерал-майор Къатхъэн Мухьэмэд.**

УИ БЛЭКIАР умыщIэу пщэдей блэжьынур пхуэубзыхунукъым, сыту жыпIэмэ узыдэплъеин, щапхъэрэ бзыпхъэрэ пхуэхъун ухуейщ. Езыр зыдэплъеин, «абы хуэфащэу сыщытащэрэт» жыхуиIэн Мухьэмэд иIэт. Ар и адэ Назирт. Революцэм и зэманым адыгэ цIыхубэр бэнэныгъэ гуащIэм къыхуэзыIэтахэм ящыщт Назир. Граждан зауэр къэхъейуэ совет властыр гузэвэгъуэ щыхэхуэми, къэрэхьэлъкъыр аргуэру къызэщIиIэтэри, революцэр яхъумэжыныр къызэригъэпэщащ. Къэбэрдей шуудзэм и дзэзешэу щыта лIы хахуэм и бынхэм я насып имылъэгъуами, абыхэм езыр зыщагъэгъупщакъым. Ар я псэм хэлъу, ягу щагъафIэу лIыпIэ иувахэщ.

ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэр «тыншу псэуащ» жыпIэныр къезэгъыркъым. И анэм и щIэгъэкъуэну Мухьэмэд къэхъуащ. Ар гурыхуэт, техникэм дихьэхырт. А зэманым хэт и ныбжьыщIэт лъакъуэрыгъажэм сышэсащэрэт жызымыIэр? Мухьэмэд махуэ псом щысыфынут пэщащэу, приемник, патефон хуэдэхэр зэпкърилъхьэу, зэпкърихыжу.

Ауэ фIыуэ илъагъу Iуэхум хуеджэну ехъулIакъым. 1940 гъэм Къатхъэн Мухьэмэд дзэм ираджэ, Брест ипщэIуэкIэ щыIэ топгъауэ полкым къыхохутэ. ЕсэпымкIэ Iэзэ щIалэр есэп ищIынуи ягъэув: батареем и топхэр щыуэкIэ тэмэму триухуэну и къалэнт. А Iуэхум ар зэрыхуэгурыхуэр нэрылъагъу хъуащ топгъауэхэм я еджэныгъэ зыщIидзам. Зыщагъасэ щIыпIэр Брест пэгъунэгъуу щыIэт. Махуэ псом лъэуджыджахэр емызэшахэу, уэрэдхэр жаIэу я хэщIапIэхэм къекIуэлIэжырт. Сэлэт куэдым я лъакъуэхэр зэрызэдадзым щIэдэIуурэ лъэ макъхэмкIэ Мухьэмэд ибжыну хуежьэрт дзэ пакIэ къэс сэлэт дапщэ хъуми...

Пщыхьэщхьэкlэ хэт шахмат джэгурт, хэт газет еджэрт, нэхъыбэм хъыбар жаIэу зэхэст. Апхуэдэу кIуэрт зэманыр, къэралым и щIыпIэ Iэджэм къикIахэр ныбжьэгъу зэхуэхъуахэу, армэ нэужьым зэкIэлъыкIуэнхэу къызэрыгъэгугъэу. Абыхэм я нэхъыбэм къахуиухатэкъым я жьэгу пащхьэ ягъэззэжыну, я адэанэхэр, я къэшэнхэр ялъагъужыну.



Мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджыжьым кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэхъу зэщIэвууэ макъ пхъашэхэр къызэхахащ. Брест адрыщIкIэ нур дыхьэрэнхэр къыщызэщIэнэрт, мафIэ лыгъейуэ уафэ джабэм кIэридзэу. Казармэхэм къыщIэжауэ псори ипщэкIэ плъэрт, Iэдакъэжьауэ ящIурэ...

А псор зищIысыр сэлэтхэм къащыгурыIуар кхъухьлъатэ ву макъхэр гъунэгъу дыдэ къэхъуу бийм и «Юнкерсхэр» къалъэгъуа нэужьщ. Ахэр куэд хъурт. Къуаргъ фIыцIэжьхэм хуэдэу къызэрыхьхэрт, гуп-гупурэ ипщэкIэ къызэрыкъуэххэурэ.

Я щхьэфэцхэм зыкъиIэтауэ, сэлэтхэри офицерхэри умэзэхауэ зэхэтхэт къэхъуар я фIэщ ямыщIмэ нэхъ къащтэу, ар зыгурагъэIуэну хуэмейуэ. Абы щыгъуэ дэтхэнэми «игъэжеижырт» дяпэкIэ зыхунэмысыжыну хъуэпсапIэхэр, мурадхэр.

Къатхъэныр зыхэт дивизионыр къэрал гъунапкъэхэмкIэ кIуатэри, Семятиче къалэм деж бийм щыпэщIэуващ. ГъущI гъуэгур гъунэгъут. Ари хъумэжын хуейт. Ди зауэлIхэм къафIэIуэхуакъым Бэракъ плъыжьыр и щыгум щыхуарзэу Буг телъ гъущI лъэмыжым къызэпрыкI мафIэгур. Ауэ къэса нэужь, къалъэгъуащ ар жыркIэ зэщIэIулIауэ, IэщэкIи зэщIэузэдэжауэ бийм къызэриутIыпщар.

Ди топ псори иджыри ягъэувакIэтэкъым. Хьэзыр хъуахэмкIэ уэн зэхаублащ.

Нэмыцэ бронепоездыр, ныкъуэкъутэ щыхъум, икIуэтыжащ. Япэ текIуэныгъэм совет зауэлIхэр къызэщIиIэтат. Нэхъ къызэрамылъагъунум хуэдэу я топхэр ягъэуващ, шэхэр къагъэхьэзыращ.

Дивизионым хэщIапIэ ищIа Заболотнэ къуажэм куэд мыщIэу фашист танкхэр къыдыхьэу къалъэгъуащ. Гъэпсауэ щыт топхэм уэуэ щIадзэри, танк зыбжанэ якъутащ, адрейхэр икIуэтыжащ, зауэ-банэ хэмыту.

Дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу бийм и кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьащ, уахъуэщIыхъуэр зэрахьэрти абыхэм, зыкъагъэлъахъшэрти, я бомбэхэр къраутIыпщхьэхырт. Абдежым щыхэкIуэдащ офицер, зауэлI зыбжанэ, уIэгъэ хъуари куэдт.

Нэмыцэхэр хущIэкъурт я гъуэгум жырым хуэдэу къыщыпэуваахэм кIэ иратыну. Арат щIэмыувыIэжыххэр. Ахэр кхъухьлъатэхэмкIэ щэнейрэ къащхьэщыхьащ, тхуэ танкхэмкIэ къебгъэрыкIуащ, ауэ Къатхъэным и гупыр хуэгъэгулэзакъым, и пIэм хуигъэкIакъым.

Махуэ псом къэныкъуэкъуа нэужь, жэщ зэрыхъуу фашистхэм совет топгъауэхэм къыпакIухьу щIадзащ. Дыдейхэри, утыкум зыкъэрамынэн папщIэ, икIуэтащ.

Къатхъэн Мухьэмэд и псэм емыблэжу щызэуащ Ипщэ, Брянск, Воронеж фронтхэм. Къулыкъу зыдищIа, япэу зауэм къыдыIухьа и ныбжьэгъу куэд хамэ щIыпIэхэм щыфIэкIуэдащ.

КIуэ пэтми ар нэхъ Iэзэ хъурт. Абы лейтенант дамэтелъхэр кърататат, топгъауэ гупми и унафэщI ящIат. Иджы советыдзэр ебгъэрыкIуэ зэпытт, зауэр къыздикIамкIэ кIуэжырт.

1943 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Къатхъэныр полкым и штабым ираджэ. «Дынохъуэхъу, лейтенант, пщIэ къыпхуащIащ. Дзержинскэм и цIэр зезыхьэ артиллерие академием уагъакIуэ...»

Самарканд щыIэ академиер 1944 гъэм Москва къагъэIэпхъуэж. ЕджапIэ нэхъыщхьэр Къатхъэным фIы дыдэу къеухри, щIэныгъэ лэжьакIуэ мэхъу. Зы илъэс докIри, Ут Плъыжьым щекIуэкIыну ТекIуэныгъэм и Парадым хэтыну дзыхь кърагъэз.

1959 - 1979 гъэхэм Мухьэмэд Ленинград дэт артиллерие академием щолажьэ. ТехникэщIэм, кибернетикэм дехьэх, тхылъ зыбжани къыдегъэкI. 1962 гъэм ар щIэныгъэхэм я доктор мэхъу, илъэсипщI докIри, генерал-майор ящI. ИужькIэ Къатхъэным къыфIащ «Урысей Федерацэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр (1975), Адыгэ Академием хагъэхьэ (1992).

КЪАТХЪЭН Мухьэмэд Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ (нагъыщитI), Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр, медаль куэд кърататащ.

И ныбжьыр илъэс 75-м иту адыгэлI хъыжьэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэр 1997 гъэм дунейм ехыжащ.

**ХЕЙКУАРДЭ Мусэбий**.

**АДЫГЭХЭМ къызэралъытэмкIэ, хьэщIэм ухуэгуапэныр къалэн лъапIэщ. ГъуэгурыкIуэр къулейми тхьэмыщкIэми, цIыхушхуэми къызэрыкIуэми дэнэ щIыпIи гу къабзэкIэ щрагъэблагъэ, псоми пщIэ къыхуащI, жьантIэм дашэ, абы хуит имыщIауи унэр зейр тIысыркъым. Бысымым, и щхьэ зэрыхуэсакъыжым хуэдэ дыдэу, хьэщIэм хуэсакъыну къытохуэ. Еблэгъар и бий кIэуфIыцIу щытми, ар хьэщIэу щытыху, и щхьэм щхьэц налъэ къыхигъэхунукъым.**

*БОДЕНШТЕДТ Фридрих.*
*1845 гъэ*

ТХЬЭГЪЭЗИТ Рэфикъ

## Узыншэу ущыт

**Псэр пытыху**
**Гупсысэ тIэкIу,**
**ГугъапIэ тIэкIу -**
**Гур зыгъэпсэху.**

**Псэр пытыху**
**Гуапагъэ тIэкIу,**
**ГуфIэгъуэ тIэкIу -**
**Гур зыгъэпсэху.**

**Псэр пытыху**
**ГурыщIэ IэфI,**
**ЩIыхуфI и нэфI -**
**Гур зыгъэпсэху.**

**Псэр пытыху**
**Жьэгу пащхьэ Iугъуэ,**
**Зы псы Iубыгъуэ -**
**Гур зыгъэтIыс.**

**Псэр пытыху**
**Адыгагъэ тIэкIу,**
**Къуэшыгъэ тIэкIу -**
**Гур зыгъэнэху.**

**Псэр щыхэкIым**
**Зэ Iуплъэжыгъуэ,**
**Хэку жьы Iубыгъуэ -**
**Абы и ужькIэ**
**Узыншэу ущыт.**

*Тырку,*
*Мараш къалэ*

● Ди псэлъэгъухэр

# БРАМ (Куэблэ) Алатин: Адыгэбзэм гуащIэшхуэ иIэщ, абы зыкъуегъащIэ, зыкъыпхуеIуатэ

***Адыгэ лъэпкъым, бзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэ куэд зэфIэзыгъэкI цIыхущ Брам (Куэблэ) Алатин. Илъэс 25-м щIигъуауэ егъэджакIуэу мэлажьэ, Тыркум и къалэ зыбжанэм ирагъэблагъэурэ курыт школхэм, лицейхэм щылэжьащ, еджапIэм и унафэщIуи щытащ. Езыр хуабжьу дихьэхыу толэжьыхь этимологиемрэ фонетикэмрэ.***

***Адыгэ Iуэхум зигури зи псэри хэзылъхьэ щIалэр Узун-Яйла иджыблагъэ щекIуэкIа фестивалым лъэщу хэлIыфIыхьащ. Алатин щыгъуазэщ нобэ Тыркум ис ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, бзэмрэ хабзэмрэ хъумэным и Iуэху зыIутым, хэхэс адыгэхэм ягу зэрыгъум, нэгъуэщIхэми. Ахэр къедгъэIуэтэн мурадкIэ, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.***

**- Алатин, хэхэс адыгэм, псом хуэмыдэу Тыркум щыпсэухэм, я бзэр, хабзэр яIэщIэмыхунымкIэ, я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр яхъумэу къэгъуэгурыкIуэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэребгъэкIуэкIым сыщыгъуазэщ. Нобэ япэу дызэхуэзэу арами, интернеткIэ долъагъу уэ уи лъэпкъым хуиIэ гууз-лыузымрэ зепхьэ Iуэхухэмрэ. Мис абыхэм утезгъэпсэлъыхьыну сыхуейт.**

- Псом япэрауэ, фIыщIэ фхузощI хэкум фыкъикIыу Узун-Яйла фестивалым фызэрыхэтам папщIэ. Адыгэр щIыпIэ куэдым щызэбгрыдзащ. Фэ фыдидэIэпыкъуэгъуу хэхэсымрэ хэкурысымрэ я хъыбар зэрыщIэным дытелажьэмэ, куэд къыдэхъулIэнущ.

Сэ нэхъ гъунэгъуу зыкъывэзгъэцIыхумэ, Узун-Яйла хиубыдэ адыгэ жылэм сыкъыщалъхуащ, си нэр къызэрызэтесхрэ адыгэбзэщ зэхэсхар, аращ псэлъэн зэрыщIэздзари. ИтIанэ школым сыкIуа нэужь, тыркубзэр зэзгъэщIэжащ. ЗдэкIуам Тхьэм щигъэтынш, си адэшхуэр хьэщIэщ унэм ису, къуажэ Iуэху, лъэпкъ Iуэху зэрихуэу игъащIэми къекIуэкIащ. Ар щIыжысIэр, адыгэ щэнхабзэр, псэукIэр тлъагъуу, тхыдэ хъыбархэр зэхэтхыу дыкъыдэкIуэтеящ. Балигъ сыхъури, университетым сыщIэтIысхьащ, школхэм, лицейхэм егъэджакIуэу сыщылэжьащ. Инджылыз, хьэрып, фарс, тырку, адыгэ - а бзэхэм яужь ситащ.

Зы лъэхъэнэ гуэрым дунейпсо эпосыр едгъэджырт. Ауэ абы ди нарт эпосыр яхэттэкъым. Дунейм япэ дыдэу къытехьа эпосыр «Гильгамеш теухуа эпос»-ращ. Ар шумер хъыбархэм къытращIыкIыжри, аккадскэбзэкIэ ятхыжауэ щытащ. Зи гугъу сщIы эпосыр къагъуэтыжщ, тыркубзэкIи зэрадзэкIыжри, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я программэм хагъэхьат. Ар щезгъэджым, куэд щIэзджыкIащ сэри, икIи Гильгамеш теухуа хъыбарым адыгэбзэм хэт псалъэ куэд хэслъагъуэри, къэстIэщIымкъэстIэщIурэ мы Iуэхум сыхихьащ.

**- Зы лъэхъэнэ Бандырма Хасэм и тхьэмадэу узэрыщытар сощIэ. Нобэ сыт я псэукIэ абы дэсхэм, хасэ лэжьыгъэм къыпащэрэ?**

- 2007 гъэм щегъэжьауэ Бандырма къалэ Хасэм и тхьэмадэу сыщытащ. А лъэхъэнэм абы къекIуалIэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху гуэри ящIэртэкъым, ауэ зэхуэс къудейуэ арат адыгэбзэкIэ зэдэуэршэрын щхьэкIэ. Абы щыгъуэми иджыри сэ псом япэ изгъэщыр бзэр зэгъэщIэнырщ, пхызгъэкIыну зи ужь ситри арат. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди къуэшхэм я нэхъыбэр хамэбзэм зэрыхущытым хуэдэущ анэдэлъхубзэм зэрыхущытыр, хуейм зригъащIэу, хуэмейм зримыгъащIэу. Ар мыхъун Iуэхущ. Лъэпкъыр щыщыIэнур бзэр псэумэщ. Ауэ ди гуапэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым цIыхухэми нэхъ зэхащIыкI хъуащ бзэм и мыхьэнэр.

2006 гъэм Тыркум къыщызэIуахауэ щытащ адыгэбзэкIэ езыгъэджэнухэр щагъэхьэзыр курсхэр, цIыху 40 щIэсу. Дэри Бандырма къыщызэдгъэпэщат ар икIи илъэсищкIэ хъарзынэу лэжьащ.

**- Нобэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр зыхэсхэм яхэмышыпсыхьын щхьэкIэ сыт мыхьэнэ нэхъыбэ зэтыпхъэр, сыт хуэдэ Iуэхухэра япэ игъэщыпхъэр?**

- Пэжым ухуеймэ, илъэс 15 - 20 ипэкIэ дызэрыта щытыкIэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфI хъуащ ди Iуэхур. Тыркур къапщтэмэ, нобэ къэралым зыкъытщIигъакъуэ хъуащ. Гулъытэ хэха къытхуещIри, абы ди Iэмалхэр нэхъыбэ ещI. Нобэ Тыркум ит сыт хуэдэ къали Хасэ щолажьэ, абы бзэр щрагъэдж. УзыщыгуфIыкIын Iуэхущ мыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъапэм Хасэм щызэхуэс адыгэхэр тыркубзэкIэ я лъэпкъ, я щхьэ Iуэхум тепсэлъыхьу щытамэ, иджы зэрыпсалъэр адыгэбзэщ, ар бзэр егъэджыным къиша Iуэхущ.



ЩIалэгъуалэм я гугъу пщIымэ, нэхъыбэм бзэр яIурылъкъым, ауэ хуэмейуэ, яужэгъуауэ аракъым, атIэ зэрамыщIэр ягу къеуэу, зрагъэщIэну я нэ къикIыу апхуэдэщ. Илъэс 40 хъу щIалэр лэжьыгъэ нэужьым, жэщ курсым Хасэм макIуэ и анэдэлъхубзэр зригъэщIэн щхьэкIэ. Ар хъарзынэкъэ?!

ЕтIуанэрауэ, 2010 гъэм щегъэжьауэ къэрал школхэм адыгэбзэ щебгъэджыну хуитыныгъэ щыIэ хъуащ, ауэ абы папщIэ сабиипщI классым щIэсын хуейщ. 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ классхэращ ар щрагъэджри, а классищми зэгъусэу адыгэ ныбжьыщIи 10 къыхэпшыфмэ, ирагъэджэфынущ. Мы гъэм Тырку школхэм сабий 236-м адыгэбзэр щрагъэдж. Ахэр зэредгъэджэн тхылъхэр къыдэдгъэкIынымкIэ, къэтщэхунымкIэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъунущ.

**- Иджыри дызыщыгуфIыкIахэм ящыщщ Дюзджэ къалэм дэт къэрал университетым анэдэлъхубзэм зэрыщыхурагъаджэр. Ар факультет щхьэхуэ, щIэтIысхьэн, щеджэн ягъуэтрэ?**

- Адыгэ литературэмрэ тхыдэмкIэ факультет щхьэхуэщ ар, илъэсиплI хъуауэ мэлажьэ. Зы илъэсым цIыху 20 хуэдиз къащтэ. Мис мы гъэм япэу къаухауэ аращ япэ гупым. ЦIыху 17-м диплом иратыжащ. ЦIыху 20-р къэрал ахъшэкIэ еджэну къащтэ, езым и ахъшэкIэ еджэну щIэтIысхьэнуи хуитыныгъэ яIэщ. Магистратурэ иIэщи, сэри сахэту цIыхуи 8 дыхъуу дыщоджэ. КъищынэмыщIауэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щыпхыбгъэкI къудами иIэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къайсэр университетми иужь щихьащ а Iуэхум. Мы гъэм емыхъулIэми, етIанэгъэ, Тхьэм жиIэмэ, адыгэбзэр щрагъэдж факультет къызэIуахынущ. Апхуэдэу Самсунри дигу илъщ, Тыркум ис адыгэм я нэхъыбэр щыпсэура къалэращи, абы ещанэ къудамэр щылэжьэнущ. Абыхэм япэщхьэхуэу иджыри зы хуитыныгъэ щыIэщ Тыркум. Сыт хуэдэ Iуэхум удихьэхми, цIыхуипщI узэрыгъэхъумэ, курс къызэIупхыу, узыхуей IэщIагъэм ущыхуеджэ хъунущ, школми, университетми емыпхауэ. Апхуэдэуи бджы хъунущ адыгэбзэр, зыри пэрыуэгъу къыпхуэхъунукъым. Къэралыгъуэ хабзэм къеубыд, сыт хуэдэ предметри адыгэбзэкIэ ебгъэджу уней школ къызэIупхынри, къакIуэхэм мазапщIэр яту, жэрдэмщIакIуэм школыр игъэлажьэу. А псори Iэмал хъарзынэу диIэщ, ди лъэпкъ зэхэщIыкIыр «къэлажьэрэ» къекIуэлIэн дгъуэтмэ.

**- Школым, университетым къуит Iэмалхэри хъарзынэщ, ауэ анэдэлъхубзэр пIурылъыныр къыщежьэр унагъуэращ. Уэ дауэ уеплърэ, Тыркум ис адыгэ унагъуэхэм адыгэбзэр илъ, хьэмэрэ Iэпэдэгъэлэл ящIрэ?**

- Дунейм уеплъмэ, зэманым зыдихъуэжурэ макIуэ. Лъэпкъри апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм демыкIумэ, адрей лъэпкъхэм ялъэщIыхьэнукъым.

Къуажэхэм дыщыдэс лъэхъэнэм, дэ бзэ зэгъэщIэным теухуауэ зы гугъуехьи дыхэтакъым, уеблэмэ, нэгъуэщIыбзэ щыIэу дымыщIэу дыкъэхъуащ ди школ кIуэгъуэ хъуху. Зэманыр кIуэурэ цIыхур псэун щхьэкIэ, къалэхэм Iэпхъуэу хуежьащ. ЗдэIэпхъуам и щхьэ къатым тесри, и лъабжьэм щIэсри, къыбгъурысхэри нэгъуэщI лъэпкъыу зэрыщытым къыхэкIкIэ, нэгъуэщIыбзэкIэ упсэлъэн хуей мэхъу. Телевиденэм адыгэбзэ къызэримытым, школым узэрыщеджэр зэрыхамэбзэм ипкъ иткIэ, уэри абы нэхъ хуэшэрыуэ уохъу, ухуейми ухуэмейми.

КъищынэмыщIауэ, дэ ди натIэ хъуар арати, дуней псом зэбгрыпхъа дыщыхъуащ, хамэбзэкIэ псалъэ лъэпкъхэм дахэсу. Абы къыхэкIкIэ, адыгитI зэхуэзар зэрызэпсалъэр инджылызыбзэщ, е урысыбзэщ, ИнтернеткIэ зэрызэрыщIэр хамэбзэщ.

**- Тыркум исхэм ящыщу бзэр нэхъ зыIурылъыр нэхъ ныбжь зиIэхэращ. Ахэр къуажэм зэрыдэсара апхуэдэу щIыщытыр, хьэмэрэ иджы щыIэхэр хуэмеижрэ?**

- Си анэшхуэм тыркубзэкIэ «къакIуэ» псалъэмрэ «кIуэ» псалъэмрэ зэхимыгъэкIыфу дунейм ехыжащ. Ар щIыжысIэр, абыхэм адыгэбзэ фIэкIа ямыщIэу Тыркум зэрисаращ. Иджы дунейр нэгъуэщI хъуащ. Къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызэбгрыкIащи, езыхэр зэхуэзэркъым, нэхъыбэм зэрахьэ бзэр къагъэсэбэп хъуащ.

Интернет къудейм фIэкIа хэмытми, зэхъуэкIыныгъэкъэ?! Дыщыпсэу лъэхъэнэм и нэхъ революцэ ину къэслъытэр Интернетыр къызэрагупсысарщ. Абы Iуэху куэд дегъэкI, псэукIэр ирегъэфIакIуэ. Дэри ди лъэпкъым ифI къыпытхыфу къытхуэгъэсэбэпынут ар.

**- Пэжщ, Интернетыр IэмалыфIщ цIыхухэм я хъыбар зэIэпахынымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, нэхъ гъунэгъу зэхуэхъунымкIэ. Ауэ, псори дызыгъэпIейтей адыгэбзэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ адыгэбзэр латин хьэрфыпкъым тету яджмэ нэхъ къащтэу псалъэмакъхэр къокIуэкI, сыт хуэдэбзэ ирипсалъэ адыгэри апхуэдэу нэхъ тыншу зэхуэтхэнущи. Ар си щхьэкIэ къасщтэркъым, сыту жыпIэмэ, диалект зэмыщхьэмкIэ псалъэ адыгэм дежкIэ аргуэру хьэрфыпкъ зэмыщхькIэ тха алыфбейр лейуэ къызолъытэри. Сабийми, балигъми, сыт хуэдэ хамэ къэралыбзэри щызригъэщIэфкIэ, адыгэм кирилл хьэрфыпкъымкIэ адыгэбзэр къехьэлъэкIыну?**

- Мы Iуэхум теухуауэ бзэщIэныгъэрылажьэхэр хэту конференцхэр екIуэкIащ. Сэ сызэреплъыр къыпхуэсIуэтэнщ. Лъэпкъ къэс езым и алыфбей гъэпсыкIэ иIэжщ. Дэ ди лъэпкъ алыфбейр щызэрахьэр хэкуращ, Урысейрщ. Дэ мыбдеж дызэрисым щхьэкIэ езым ди алыфбей дгъэпсыжыныр щыуагъэшхуэщ. Китайм езым и алыфбей иIэжщи, ар зрегъащIэри бзэр ищIэ мэхъу, хьэрыпыр аращ, дэри ди бзэр зэрызэдгъэщIэнур ди лъэпкъ алыфбейращ, школым зэрыщедгъэджэн хуейр хэкум къыщыдэкI тхылъымрэ ар зэрытха хьэрфыпкъымрэщ. Абы дытемытрэ - хуабжьу дылъэпэрэпэнущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, зы адыгэ псалъэм латин тхыкIэ лIэужьыгъуэу 7 иIэщ. Ар узыгъэлъэпэрэпэнухэм я зы щхьэусыгъуэщ. Аращи, ди алыфбейм дытетыныр сэ нэхъ сфIэкъабылщ. Ари ныкъусаныгъэншэкъым, ауэ ар зэгъэзэхуэжын хуейуэ аращ, армыхъумэ, IэщIыб пщIы хъунукъым.

**- Илъэс тIощIым щIигъуауэ топсэлъыхь адыгэм зы тхыбзэ иIэн зэрыхуейм...**

- Мис ар зэдмыгъэхъулIэнкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIэныгъэлIхэми, университетми, къэралыгъуэми и Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу дытехьэн хуейщ зы тхыбзэм. Мыр зы цIыхум хузэфIэкIынукъым. Хуэм-хуэмурэ тележьыхьу, тепсэлъыхьу, илъэситху текIуадэми, илъэсипщI ихьми, гъэзэкIуэн хуей Iуэхущ.

**- Бзэр хъума хъунымкIэ, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу къызолъытэ, езым и бзэкIэ къыдэкI, лажьэ газет, телевиденэ, радио иIэныр. Тыркуми къыщыдокI лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр хъума хъунымкIэ тхыгъэ хьэлэмэт куэд къызытехуэ, фи хъыбархэр зытет газет. Уэ абыхэм уадолажьэ, сыт нэхъыбэу зытеухуар абы къытрадзэхэр?**

- Сэ «Жьынэпс» газетым зы плIанэпэ сиIэу илъэсищрэ ныкъуэрэ хъуауэ сыщотхэ. Мазэ къэс зэ къыдокI а газетыр, нэхъыбэу щэнхабзэращ зытепсэлъыхьыр. Сэ адыгэбзэкIи тыркубзэкIи согъэхьэзыр си тхыгъэхэр. Бзэм, этимологием, щэнхабзэм теухуа тхыгъэхэр согъэхьэзыр. Ди бзэм гуащIэшхуэ иIэщ.

2009 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIа конференцым сыхэтащ сэ. ЦIыху 26-рэ хуэдиз къыщыпсэлъащ абы, абы жаIахэри тхылъу къыдэкIыжащ. Сигу хэхъуауэ сыкъэкIуэжащ абы щыгъуэ. Илъэси 126-рэ дэкIат сэ си адэжьхэр хэкум зэримысыжрэ, сэ адыгэбзэм сыхуеджатэкъым, итIани, шапсыгъ, къэбэрдей, нэгъуэщI диалектхэри къызгурыIуэу сыщIэсащ абы. Ар сэракъым зи фIыгъэр, бзэм и гуащIэращ зи фIыгъэр. Уи анэдэлъхубзэм зыкъуегъащIэ, зыкъыпхуеIуатэ, зы псалъэм и мыхьэнэ дыдэр умыщIэми, къыбгуроIуэ. «Жьынэпсым» нэхъыбэу сызытетхыхьри аращ - бзэм зиужьа зэрыхъунырщ, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнырщ, адыгэбзэр тIурылъынырщ.

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**
*Къайсэр къалэ*

●Адыгэш цIэрыIуэхэр


Адлер


Нарт


Абрэдж


Арбыдж

# Дамэ пэлъытэ

**IуэрыIуатэм игъэбелджылыркъым нартхэм я ныбжьыр, ауэ шэч зыхэмылъыр зыщ: щIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «Нарт» эпосым и купщIэм илъэс минищ нэхърэ нэхъ мащIэ ныбжь иIэкъым. Апхуэдэ ныбжь яIэщ Сосрыкъуэ и хъыбархэми.**

СОСРЫКЪУЭ къыщыхъуар Псыжь Iуфэщ - хъыбар куэдым къыхощ ар. Балигъ хъуа нэужь, зекIуэ ежьамэ, Сосрыкъуэ щыболъагъу Тэн Iуфи. Тэн е Тэн губгъуэ ущрохьэлIэ адрей нартхэми - Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Батрэзи, Къанж и къуэ Щэуеи. Абыи къыщызэтеувыIэркъым: Индыл зэпрокIри шыбэр къызэпраху. Дауи, нарт хъыбархэм Тэни Индыли я цIэ къыхэхуэнтэкъым, пасэрей адыгэхэм ар зекIуапIэ яхуэхъуауэ щымытатэмэ. ЗекIуапIэ яхуэхъуам и закъуэкъым: тхыдэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм и гъунапкъэм Тэн нэс зидзу зэрыщытам.

Псыжь нэгъуэщI лъэпкъхэр къызэреджэр Кубанщ, а цIэми ныбжьышхуэ иIэщ - пасэрей алыджхэм я деж къыщежьащ. Адыгэхэр ПсыжькIэ зэджэ псым пасэрей алыджхэр ГипаниcкIэ еджэу щытащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, - Шыпс. ЗэралъытэмкIэ, алыджхэм Псыжь апхуэдэцIэ фIащын щIэхъуар абы и Iуфэр шыбз гуартэ бжыгъэншэхэм яуфэбгъуауэ зэрыщытарщ: дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэшым илъэс минищ ирокъу и ныбжьыр - апхуэдиз хъуауэ зэрахуэ адыгэхэм шы. Нартхэм я лъэхъэнэм дунейм къытехьэри, лIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэпичащ адыгэшым, шы лъэпкъ цIэрыIуэхэм ящыщ зы хъун папщIэ.

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шы зэрызэрахуам щыхьэт тохъуэ археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж пасэрей хьэпшыпхэри, пасэрейхэм къызэранэкIа хъыбархэри. Илъэс минитI и пэкIэ щIалъхьауэ щыта синд дзэпщ гуэрым и кхъащхьэм тращIыхьыгъа Iуащхьэм археологхэм къыщIахащ шы щиплIым я къупщхьэ; дауи, пасэрей адыгэхэм шы куэдыкIейуэ Iэджи щIауэ зэрамыхуэтэмэ, я дзэпщым апхуэдиз шы дыщIалъхьэнтэкъым.

Тхыдэм къыхэнащ мыпхуэдэ хъыбар: пасэрей дзэпщ цIэрыIуэ Александр Македонскэм (Искандер Зулъкъарнэйн) и адэм, пащтыхь Филипп, Псыжьрэ Тэнрэ къыщищэхугъащ шы мин тIощI.

Пасэ дыдэу цIэрыIуэ хъури, адыгэшым и пщIэмрэ и уасэмрэ зэи ехуэхыжакъым, абы щыхьэт техъуэфынущ мы зы щапхъэри: шы ящэхун щхьэкIэ, сатуущIэхэр щызэхыхьэ кърым бэзэрхэм адыгэшыр нэгъуэщI шы лъэпкъхэм елъытауэ хуэдэ 20-25-кIэ щынэхъ лъапIэт. Пасэрей дзэпщхэм я деж къыщыщIэдзауэ, шуудзэ зыгъэшэс дэтхэнэми адыгэшым пащI щыIакъым, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури адыгэшым и лIэужьыр жыжьэ нэсащ, абы илъ ящIэтщ нобэ дуней псом щыцIэрыIуэ шы лъэпкъ куэдым.

Пасэрейм мыпхуэдэ псалъэ къызэринэкIащ: цIыхум дамэ къритакъым Тхьэм, дамэ къыщримытым, шыкIэ къыхуэупсащ. Дамэ пэлъытэт шыр цIыхум дежкIэ. Гъуэгуанэм я нэхъ кIыхьри игъэкIуэщIыфырт адыгэшым, еш ищIэртэкъым, зекIуэлIыр гъуэгум къыщытрини къэхъуакъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**
*«Нартхэр» тхылъым къитхыжащ*


Албэч


Ашэбей


Алдар


Ашэмэз


Iэмал


Батыр


Барс


Дон


Зэчыр


Убых

Тхыдэ

# Тхьэшхуэм и тыгъэ

**Шыр Алыхьталэм цIыхум япэ къигъэщIри, тыгъэ къыхуищIащ, ар дунеягъэкIэ зыхуей псоми нэхъ нэгъэсауэ лъэIэсын, и пщIэр иIэтын, и гъащIэмрэ и напэмрэ ихъумэжын папщIэ.**

ДЭТХЭНЭ зы лъэпкъми и щхьэр лъагэу щIиIэт хъугъуэфIыгъуэ гуэр бгъэдэлъщ. Адыгэхэм я дежкIэ ар - адыгэшырщ. Дуней псор къапщтэмэ, лъэпкъ зыбжанэщ щыIэр езым и цIэр шы лъэпкъым ирытыфауэ. Иужьрей зэманым къэбэрдей шы лъэпкъым хуащI гулъытэм фIыуэ щыхэхъуащ хэкуми Европэ псоми. Ар къызыфIэIуэхур шым елэжьыныр зи IэщIагъэхэм я деж щиухыркъым - цIыху псори дехьэх. Уеблэмэ, Iэщ гъэхъунми мэкъумэш лэжьыгъэхэми фIыуэ пэжыжьэхэри щIалэгъуалэри щIэх-щIэхыурэ щIоупщIэ адыгэшым и блэкIамрэ и нобэмрэ.

Ди шы лъэпкъыр къызэрыхъуам, дунейм тетыху ар цIыхум къызэригъэщхьэпам, абы адрей шы лъэпкъхэм емыщхьу хэлъ хьэлхэм нэсу тепсэлъыхьащ тхыдэтххэри, тхакIуэхэри, шыхъуэ-IэщIагъэлIхэри, сэри сахэту. Ипполог цIэрыIуэхэу Красников Андрей, Бобылёв Игорь, Парфёнов Вадим сымэ, нэгъуэщI куэдми я лэжьыгъэхэм къыхощ ди шы лъэпкъым и лъапIагъыр.

Маршал Будённый Семён и унафэм щIэту ятха «Шым теухуа тхылъым» итщ: «Гуартэм хэту зэрагъасэм, бгылъэм къызэрыщрагъэкIухь зэпытым къэбэрдей шы лъэпкъым бгым щымыгъуащэу, къурш лъагъуэхэм сакъыу ирикIуэфу, ехыпIэ-дэкIуеипIэ задэхэр къытемыхьэлъэу иригъэсащ, мывэкIэщхъми шы лъэгур къызэрымыкIуэу быдэ ищIащ».

ЕпщыкIуханэ лIэщIыгъуэм и пэм къэбэрдеишыр къызэфIэувэпауэ Кавказ Ищхъэрэм щыцIэрыIуэт, хуэмурэ абы и пщIэр а гъунапкъэм икIащ.

Къэбэрдейм 1793-1794 гъэхэм щыпсэуа нэмыцэ щIэныгъэлI Паллас Пётр-Симон итхыжыгъащ: «Адыгэхэм, дахащэ къудей мыхъуу, бэшэчрэ къаруушфIэу шыфIхэр ягъэхъу, мэжалIэри гугъуехьри яхуэхьу икIи жэрхэу». Адыгэшым теухуа апхуэдэ жыIэгъуэхэр куэд дыдэ мэхъу.

Къэбэрдей шы лъэпкъыр ауэ сытми ялъытэркъым адыгэхэм я набдзэу, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу. Шы зехуэныр лъэпкъ IэщIагъэ хъуа нэужь, лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яшхэр къагъэщхьэпэурэ къигъэхъуащ адыгэм и шыр: губгъуэм щагъэхъу шы лъэпкъхэм, хьэрыпышым, карабах, къэжэр, тыркумэн, нэгъуей лъэпкъхэм зэрахуэ шыхэм ялъ къыхэлъэдащ. Кавказ псом щыцIэрыIуэт адыгэш зыгъэхъу Куэцэхэ, Къудащхэ, Щолэхъухэ, Трамхэ, Лафыщхэ, Абыкъухэ, Тамбийхэ, нэгъуэщIхэри.

Зи тхыдэр лIэщIыгъуэ зыбжанэм нэблагъэ адыгэшыр щыхьэт хуэхъуащ езыр зей лъэпкъыр зыпхыкIа гугъуехь псоми, ар зауэ-банэ, мылъку щыщIэныгъэ, нэгъуэщI гукъеуэ ирехъу. Аращ абы и зыужьыныгъэм и гъуэгум лъагапIэшхуэхэми кумбышхуэхэми ущрихьэлIэу щIыщытыр.

Абы и зы щапхъэщ 1810 гъэм Савельев генералым и унафэщIхэм яхуигъэхьа хъыбарыр: «Къэбэрдейхэм яшхэмрэ я мэлхэмрэ увыIэгъуэ ямыIэу Шэшэным яхуурэ пщIэншэ пэлъытэу щащэ. ЗэрыжаIэмкIэ, шыбз нэхъыфI дыдэр тумэнкIэ къыпхуэщэхунущ, мэлыр сом нэхърэ нэхъ пудщ. Ар абыхэм щIащIэр я былымыр къррагъэлын папщIэщ, мы лъэныкъуэм (урысхэм яубыда Iыхьэм) щыIэ хъупIэхэм Iэщ щагъэхъункIэ Iэмал имыIэу зэрыпаубыдрэ». Абы топсэлъыхь тхыдэ щIэныгъэлI Дзэмыхь Къасболэт.

1816 гъэм щегъэжьауэ 1910 гъэ пщIондэ къэбэрдейхэр уэру Тыркум щиIэпхъукIа зэманым унагъуэ 690659-рэ икIащ нэрыбгэ 3102749-рэ хъухэу, я нэхъыбэр къэбэрдейуэ. 1864 гъэм и закъуэ къэбэрдеиш зезыхуэ нэрыбгэ 342748-рэ Iэпхъуауэ щытащ. А лъэхъэнэм унагъуэ къэс шы зэрахуэрт, абы наIуэ ещI XIX лIэщIыгъуэм и кIэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэмрэ я зэхуакум шы бжыгъэр зэуэ щIыхэщIа щхьэусыгъуэр. Псалъэм папщIэ, 1889 гъэм Къэбэрдейм шы бжыгъэу къинар 48212-рэт. Абы щхьэкIэ къэмынэу, къэбэрдейхэм Тыркуми адрей къэрал здэIэпхъуахэми щызэрахуэу щытащ я псэ зыхэлъ шыр.

«Адыгэхэм, - етх Хаккер Дж. - шы дахащэхэр яIэщ, хэкум щызэрахуэу зэрыщытам ещхьу, псоми ягъэщIагъуэу хамэщIми щамыутIыпщу».

ХэщIыныгъэшхуэ ди шы лъэпкъым къритауэ щытащ 1918-1920 гъэхэм екIуэкIа Граждан зауэми, 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэми. 115-нэ шуудзэм и закъуэ къэбэрдеиш 5550-рэ ягъэкIуауэ щытащ. Зауэ IэнатIэмрэ бийм иубыда щIыпIэхэмрэ шы мин 30-м нэс щыхэкIуэдат.

А псом къадэкIуэу, адыгэшыр щефIэкIуа зэмани иIащ. Къэрал шы заводхэр, шыIуэхэр, абыхэм щелэжь IуэхущIапIэхэр къызэрызэIуахар фIыуэ хуэщхьэпащ шы гъэхъуным. 1929 гъэм Урысейм щагъэлажьэ шыIуэ 74-м ящыщу лэжьыгъэр нэхъ щефIакIуэхэм хабжат Къэбэрдей, Кубань, Тэрч къэрал шы заводхэр. СССР-м 1936 гъэм къыщызэIуаха шы лъэпкъыфI зехуапIэхэм ящыщт Къэбэрдей шы заводри. А Iэмалхэм илъэсибгъум и кIуэцIкIэ шы щхьэ бжыгъэр тIукIэ игъэбэгъуэжауэ щытащ: 1945 гъэм мин 17 фIэкIа мыхъуу щытар 1954 гъэм мин 33-рэм нэсыжат.

(КIэуххыр 15-нэ нап.).



**Урысей пащтыхь Николай ЕтIуанэм адыгэшым пщIэ лей хуищIыырт**. *1904 гъэ*



**Адыгэ ныбжьыщIэр шыгъажэм хэтщ.**
*Домбеякъ скульптурэр зыщIар* **Лансере Евгенийщ**. *1879 гъэ*

**АДЫГЭХЭМ къулеймрэ тхьэмыщкIэмрэ зэхэзыгъэкI пщалъэу яIэр шымрэ Iэщэмрэ я дахагъырщ. Зы хъуэпсапIэ закъуэщ адыгэм иIэр - адрей и лъэпкъэгъухэм хахуагъкIэ къахэжанык Iын. ЗэрыцIыкIурэ шымрэ Iэщэмрэ есахэщи, ахэр гъэIурыщIэнымкIэ къатекIуэн гъуэтыгъуейщ. Iэуэлъауэ гуэр къэхъумэ, шынэми гугъуехьми я гупэр хуэгъэзащ. Къэрабгъэу укъыщIэкIыным нэхърэ нэхъ мыгъуагъэ ящIэркъым. Зауэмрэ абы зыщыхуагъэхьэзырымрэ къыщыдэхуэхэм деж, я Iэзагъымрэ IэкIуэлъакIуагъымрэ хагъахъуэу, къэкIуэну зэхэуэхэм зыхуагъасэу, шыр ягъэджэгу, нэщанэ йоуэхэ.**

*Де ПИНЭ Эммануэл.*
*1831 гъэ*

# Тхьэшхуэм и тыгъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 14-нэ нап.).

Шы зехуэнымкIэ къэгъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ, игъащIэм къэмыхъуауэ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр 1949 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Бахъсэн районым хиубыдэ «Зеикъуэ» колхозым щыщ лэжьакIуэхэм: шыхъуэ Къалмыкъ Хьэжмурат, шы фермэм и унафэщI Щоджэн ТIэлашэ, колхозым и унафэщI Бырс Анзор сымэ. Абыхэм колхозым зэрихуэ шы 64-м шыщIэу 64-рэ къащыщIэхъуат зы илъэсым.

1953 гъэм и фокIадэм шы зехуэн къалэныр къэралым и пщэ дихыжа нэужь, зэуэ Iэщ бжыгъэм хэщIащ, абы къэбэрдей шы лъэпкъри яхыхьэу. Шыхэр гуартэ псохэурэ лым щелэжь комбинатхэм яшэрт. 1965 гъэм и пэм шы бжыгъэу къэнар мини 8-м зымащIэкIэ фIэкI къудейт. А илъэс дыдэм Мэкъумэш IуэхухэмкIэ министерствэм шы зехуэнымкIэ унафэ къищтэри, шы щхьэ бжыгъэр зэтеувэжащ. Къэбэрдеишхэм я бжыгъэми хэхъуэжауэ щытащ.

Щэн-къэщэхуныр экономикэм и Iэмал пажэ зэрыхъуар шы гъэхъуным зэран хуэхъуащ, къэбэрдей шы лъэпкъри хиубыдэу. Ауэ иужьрей зэманым езы шым цIыхухэр дихьэхыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым шы щызэрахуэ IуэхущIапIэхэм абыхэм я бжыгъэр мини 8-м щыноблагъэ.

Къэралым и бгырысышхэм я нэхъыфI къэбэрдеишым и Iуэхур дяпэкIэ ефIэкIуэн папщIэ, КъБР-м «Къэбэрдеишыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ зэгухьэныгъэ» къыщызэрагъэпэщащ. Республикэм Мэкъумэш IуэхухэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту абы зыхуигъэувыжа къалэнхэр къызэгъэпэщакIуэхэм къащта хабзэм иратхащ.

Адыгэшым зиужьынымкIэ нэхъ зызытегъэщIапIэхъэу къоув Къэбэрдей-Балъкъэр шыгъэжапIэр, Малкэ дэт шы заводыр, къэбэрдеиш щызэрахуэ фермэхэр. А мурадым лъэIэсын папщIэ зэгухьэныгъэм Мэкъумэш IуэхухэмкIэ министерствэм и гъусэу мыпхуэдэ унафэхэр къищтащ:

- шы къэс паспорт хуэтхын;
- жылапхъэу къагъэсэбэп шыхэм я фIагъыр къэхутэн (бонитировкэ);
- республикэм и район къэс къэбэрдеиш щызэрахуэ IуэхущIапIэ щызэгъэпэщын;
- шы зехуэным къэралми республикэми я мылъку хухагъэкIын хуэдэу унафэ пхыгъэкIын;
- шы гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр, шыгъэжэхэр Налшыкрэ республикэм и щIыналъэхэмрэ къыщызэгъэпэщын;



**Адыгэшымрэ адыгэлIымрэ.**
*Домбеякъ скульптурэр Лансере Евгений ищIащ. 1878 гъэ*

Шыхъуэхэм я мурадщ къэбэрдеишым и бэшэчагъ къызэрымыкIуэри, щагъэхъу щIыпIэмрэ мэкъумылэмрэ емылъытауэ, абы и щхьэр иплIыжыфын хьэлри къызэтена зэрыхъуным елIэлIэну. Къэбардей шы лъэпкъыр щызэрагъэпэщым щыгъуэ, абы уэс лъабжьэм удз къыщигъуэтыфу ирагъэсэрт, уеблэмэ псалъэжьи щыIэщ: «ЗызымыпIыжыфыр - сишкъым» жиIэу.

1935 гъэм Кавказ бгыхэм я хъуреягъыр къызэщIиубыдэу екIуэкIа зекIуэм хэта къэбэрдеишхэм километр 3000 зи кIыхьагъ гъуэгуанэ гугъу зэпачауэ щытащ; 1998 гъэм ахэр хэтащ Налшык - Амман - Налшык зекIуэм. Ди шым къигъэлъэгъуащ щIыIэ дыдэри градус 40-м нэс хуабэри зэрыхуэхьыр.

Хэку зауэшхуэм и зэманым къэбэрдеиш куэд Альпхэр къуршхэм нэсауэ щытащ, бэшэчагъ ин къагъэлъагъуэу. Адыгэшым и тэмакъкIыхьагъымрэ и бэшэчагъымрэ я щыхьэту маршал Будённый Семён езым игъэунэхуа хъыбар си щхьэкIэ къызжиIэжауэ щытащ. Къинэмыщlауэ, маршалым Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыщIэ къыхуищIырт Къэрэшей-Шэрджэсыр къызэфIэувэжын папщIэ 1957 гъэм абы ди республикэм шагъдий мин иритауэ зэрыщытар.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ: 1799 гъэм Италие, Швейцарие зекIуэхэм щыхэтым, урыс генералиссимус Суворов Александррэ абы и къуэдзэхэмрэ Альпхэр къуршхэм щызэпрыкIым къэбэрдеишым зэрытесам. 1812 гъэм Урысейр Наполеон и дзэм щезауэм, дзэзешэ пашэу щыта Кутузов Михаили, абы щапхъэ тезыха генерал-фельдмаршал Барклай-де-Толли Михаилрэ генерал Багратион Пётррэ зытесахэр адыгэшщ.

Ди шым и хьэл къызэрымыкIуэр дызэрыт зэманми къиихьэсащ. 2004, 2005 гъэхэм адыгэшхэр хэтащ Германием, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Данием щрагъэкIуэкIа, километри 160-рэ зи кIыхьагъ зекIуэшхуэхэм. Абы къыщахьа саугъэт лъапIэхэм къагъэлъагъуэ апхуэдэ зэпеуэ лIэужьыгъуэкIэ адыгэшым нэгъуэщI зы шы лъэпкъи ипэ зэрыримыгъэщынур. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI гъуэгуанэ кIыхь шыгъэжэхэр. Абы щызэпоуэ Германием, Польшэм, Къэзахъстаным, нэгъуэщI къэралхэм, Урысейм и щIыналъэ куэдым щыщ шыхэр. 2005 гъэм гъуэгуанэ теува шы 45-м яцыщу 37-р адыгэшт е абы къытехъукIат; 32-р шагъдийт. ТекIуэныгъэр къэзыхьар Махуэ Ахьмэд зытеса Хардщ. Гъуэгуанэм и кIэм нэсыфа шы 13-м ящыщу ещанэ, етхуанэ, еханэ, еянэ, ебгъуанэ увыпIэхэр къэзыхьар адыгэшхэмрэ абыхэм къатепщIыкIахэмрэщ.

А щапхъэхэм къагъэлъагъуэ республикэм шы спортым зегъэужьынымкIэ лъэкIыныгъэ абрагъуэ къызэрызыкъуихыфынур. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэм къыпхыкI Къэбэрдей лъэпкъым и тхыдэми, дэ дгъэунэхуахэми, шыхъуэхэм я лэжьыгъэми уи фIэщ ящI Кавказ Ищхъэрэм, псом хуэмыдэу бгылъэ щIыпIэхэм, нэхъ хуэщIар адыгэшрауэ зэрыщытыр. Тимирязевым и цIэр зезыхьэ мэкъумэш академием щедгъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къагъэлъэгъуащ адыгэшым и къупщхьэр пкъутэнкIи пкъузынкIи апхуэдиз дыдэ гъумагъ зиIэ гъущI бжьамийхэм къаззрыкIэрымыхур.

**КЪАГЪЫРМЭС Црай**,
*мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, «Адыгэшыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ зэгухьэныгъэм» и унафэщI.*

**ЗЭГЪУНЭГЪУХЭР** зэхуэгуапэщ, Европэ къуажэдэсхэм щапхъэ яхуэхъуфын хуэдэу, губгъуэ лэжьыгъэхэр гъунэгъу зыбжанэм зэдащIэ. Зы лъапсэ гуэрым мафIэс къыщыхъуамэ, Iэщым лей къытехьамэ, бий къатеуамэ, е лъэпкъым щыщ гуэр урысхэм Iэрыубыд ящIамэ къэщэхужын хуеймэ, гъунэгъухэм нэмыщI, жыжьэ дыдэ щыпсэухэри къокIуэ, ахэр мащIэмэ, зэрылIакъуэу зэгуохьэри, унагъуэм гуззэвэгъуэр щхьэщах.

*ЛАПИНСКИЙ Теофил. 1863 гъэ*

**БЫСЫМ гумащIагъыр адыгэ щэныфIагъым и Iыхьэ нэхъ ин дыдэхэм язщ. Гуп и гъусэу хьэщIэр пщы е лIакъуэлIэш гуэрым и деж йоблагъэри тхьэмахуэ, тхьэмахуитIкIэ щопсэу, и гум зигъэнщIыху. ЩежьэжкIэ тыгъэ къызэрыратынум поплъэ икIи щыуэркъым. Бысымым хьэщIэм кIэлъыкIуэтэныр и къалэнщ, езыр зытес щIым и гъунэм фIэкIыху. ХьэщIэнуи бысымынуи хэти зэрыхуитым къыхэкIыу, егъэблэгъэным пыщIа гугъуехьхэр гугъуехьу къалъытэркъым: дэтхэнэ зыми и бжэр хэт щхьэкIи зэIухащ. ТхьэмыщкIэхэри къулейхэм хуэдэу хьэщIэхуэфIщ, уеблэмэ хуэмыщIауэ псэуми, ерыскъыуэ иIэр Iэнэм къытригъэувэнурэ уишри игъэшхэнущ, ар къызыхихын имыIэмэ, щIыхуэу къищтэнущ. ХьэщIэ уи жагъуэныр адыгэхэм икIагъэшхуэу ялъытэ, псэлъафи къадокIуэкI: «Уэ нэгъуеипщым ещхьу уи закъуэ шхэ».**

*СТАЛЬ Карл. 1847 гъэ*



2008 гъэм Словакием щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр къыщызыхьа Къып Щамил зытес Терек адыгэшым «Best Condition» саугъэтыр къыщыхуагъэфэщауэ щыташ.



Адыгэш Иналрэ Деберт Джулирэ я текIуэныгъэ. *Франджы, Леон къалэ. 2012 гъэ*

● Псалъэжьхэр

# Адыгэшрэ лIы бэшэчрэ

●Адыгэм и ныбэ егъэныкъуэри, и шым и ныбэ ирегъэкъу.
●Уи шым ижынур пщIэжын хуейщ.
●Улъэсу шум ущIэмынакIэ.
●ЛIы и махуэрэ шы и махуэрэ зэхуэдэкъым.
●Шы щIакъуэ утесмэ, шы лъэ псо ухуехь.
●Шу хьэщIэр ягъэшэсыж, лъэс хьэщIэр пщIантIэм дашыж.
●И шу дыжьынщ, и жьэгу хьэ гъыпIэщ.
●Хэгъэрей бзаджэ шу ужьщ.
●Фэдэн кIапэ шу егъэшэсыж.
●Адыгэшыр адыгэлIым и щIылъэныкъуэщ.
●Зы абыкъурэ зы аркъэнрэ уиIэмэ, унагъуэ уиIэщ.
●Шыр тхьэкIумэкIэ маплъэ.
●Адыгэшрэ лIы бэшэчрэ.
●Брулым и мыгъуэр шибгъу и уасэщ.
●Гур кIуэдмэ, шыр жэркъым.
●Гъэ удзыр зы шым ихъуркъым, фIы псор зы лIым хэлъкъым.
●Дэтхэнэ зы шу махуэри Iумахуэщ.
●Зи пIалъэ ущымыгъуазэ шымкIэ утыку уимыхьэ.
●ЛIым шы имыIэмэ, бгъэм дамэ темыт хуэдэт.
●ЛIыфI шыфI хуэщщ.
●ЛIыр къызэрыпцIыхунур и щIопщым и фий макъымрэ и шым и лъэ макъымрэщ.
●ХакIуитI зы бо щIэзагъэркъым.
●Хуарэр зыгъэIэдэжыр зекIуэлIщ.
●Шыр тесым егъэдахэ.
●Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым.
●Шым епсыхыу шыдым шэскъым.
●Япэ уимыщмэ, ущыным уеукI.
●Шым ехуэхым, ныбэпхым трелъхьэ.
●Шы сакъ хьэ едзакъэркъым.
●Гъатхэ шыбзыгъэрэ бадзэуэгъуэ хакIуэрэ.
●Уи лъахъэ зыдыгъум, уишри идыгъунущ.
●Зыш и хьэтыркIэ шищэ псы йофэ.
●Дахэ мыжэ нэхърэ, Iей жэр.
●Гъэрихым уэркъ щауихыр дошэс.
●Дамыгъэ зытрадзэр шэсырабгъущ.
●Къуийм и Iущрэ алащэм и кIуэррэ.
●СопIащIэ жыпIэу шы лъэхъа умышэс.
●Шы зимыIэм уанэ къещэху.
●Хьэм и гъэрищ, шым и гъэрибгъу.
●ШыщIэ къамылъхуам уанэ хузэщIалъхьэ.
●Шы хьэху уэсэпс трагъахэркъым.



Адыгэш зыгъэхъухэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и президент Кнолл Тобиас *(Германие)* Гусар къэбэрдеишым бгъэдэтщ. *2012 гъэ*



ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм щыщ адыгэ шухэмрэ къэзакъхэмрэ зыхэта шузекIуэр. *2015 гъэ*



АДЫГЭХЭР шу хъыжьэхэщ, шабзэхэр, шабзэшэхэр, бжыхэр я Iэщэщ. Ахэр шым щытескIэ апхуэдизкIэ хахуэхэщ, апхуэдизкIэ тегушхуауэ урахужьэри, зумытыну Iэмал къыпхуагъанэркъым.

**ВИТСЕН Николас,**
*нидерланд къулыкъущIэ, лъахэхутэ. 1665 гъэ*

АДЫГЭШХЭР егъэлеяуэ лъапIэщ. Ахэр лъагэщ, бэшэчщ, къарууфIэ дыдэщ, щешаи щемышаи тэмакъкIыхьхэщ. Шыщхьэр тIэкIу къуаргъыпэм ещхьщ, инджылызышым и теплъэр мащIэу уигу къагъэкIыж. Нэхъ цIэрыIуэхэм хабжэ щолэхъумрэ бэчкъанымрэ. Мы хэкум иджыри нэхъыфIыжу шы гуэрхэр иту жаIэ, я зым уасэу пщылIий щIату.

**ПЕЙСОНЕЛЬ Карл,**
*франджы къулыкъущIэ, зыплъыхьакIуэ. 1757 гъэ*

БГЫРЫСХЭМ яшхэр егъэлеяуэ бэшэчхэщ, псом хуэмыдэу адыгэшхэр. Абыхэм ику ит лъагагъ яIэщ, я лъакъуэр быдэ дыдэщ. Сыт щыгъуи мывэм хэту къакIухь, итIани нал щIалъхьэркъым. Мы шыхэр бгым уризэпрыкIыну фIыхэщ: зэи ешхэркъым, нэгъуэщI мыхъуми, зы лъакъуэр здагъэувын ягъуэтмэ, зэи цIэнтхъуэнукъым.

**БЛАРАМБЕРГ Иоганн,**
*нэмыцэ генерал-лейтенант. 1830 гъэ*

● Уэрэд

# Шагъдий

Си шы къарапцIэу
ПцIащхъуэу щIэлъэтым
Ди губгъуэ куэщIыр
Уи зэ ичыгъуэщ.
Уэ уи лъэ макъыу
Тхыдэм къыщыджэр
ЛIыгъэ макъамэм
И джэрпэджэжкъэ!

ЛIыхъур уэрыншэм
Iэщэншэ къабзэт,
Уи бзэм щыгъуазэм
Урибгъэ дамэт.
Лъэпкъым и гуауи
Уэ дэбгуэшакъэ,
Лъэпкъым и гуапи
Уэ ухэтакъэ.

Шыгъажэ хъуамэ,
Щытхъур къыбохьыр -
ЩIыхьыр уохъумэ
Шагъдий лъэрыхьым.

*Ежьу:*
Адыгэш къабзэу,
Ей, си шагъдий,
Шыщхьэмыгъазэу
Зынэукъуэдий!

СОНЭ Абдулчэрим.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 19.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.007
Заказ №1172